# СУЛАЙМАН АВАРАГАСУЛ ГІАКЪИЛАЛ РАГІАБИ

Библия таржама гьабиялъул институт
Москва 2005

***Сулайман аварагасул гIакъилал рагIаби***

*Авар мацIалде таржама*

ISBN 5-93943-053-8
ISBN 91-89122-97-6

© Библия таржама гьабиялъул институт, 2005

## ЦебергIи

Хирияв цIалдохъан!

Гьале дуца цIализехъин буго «Сулайман аварагасул гIакъилал ргIаби» абураб тIехь. Гьелда жанир руго гIемерал гIакъилал кицабиги инсанасе пайдаял гIакълабиги. ЖугьутIазул ва христианазул хирияб тIехь Библиялъул цо бутIалъун ккола гьеб. ЖугьутI мацIалда хъвараб гьеб тIехь буссинабун буго батIи-батIиял халкъазул нус-нус мацIазде. МагIарул мацIалде буссинабураб гьеб хIикматаб тIехь рагьун цебе лъун буго дуцаги.

Израилалъул халкъалда гьоркьоса рахъарал гIакъилал гIадамаз гIакълабазулги кицабазулги гьаб тIехь данде гьабизе байбихьана гьанжеялдаса кIиазаралда щунусгоялдасаги цIикIкIун соналъ цебе. Гьанир ругел гIемерисел гIакъилал рагIабазул авторлъун рикIкIунев вукIана Давуд

аварагасул вас Сулайман. Сулайман авараг Израилалъул парччахIлъун вукIана нилъер эраялде щвелалде X гIасруялда. Сулайман машгьурлъун вукIана цIакъго гIакъилав чийилан, гьаб тIехьги кидагоги гьесул цIаралда бухьараб букIана.

Библиялда бицен гьабулеб буго, дуе бокьарабщинаб кьелилан Сулайман аварагасда Аллагьас абураб мехалда, гьес Аллагьасда гьарун бугин, дур халкъалъе ритIухъаб диван къотIизеги кве-шаб-лъикIаб батIа гьабизе лъазеги гIакъилаб бетIер кьейин дурго лагъасеян. Аллагьас Сулайман аварагасда абун буго: «Халатаб гIумру гьаричIого, бечелъи гьаричIого, тушбабазда тIад бергьенлъи гьаричIого, дуца гьарулеб бугелъул диван къотIизе гIакъиллъи, – гьеб дур гьари къабул гьабун, гьале дица дуе кьолеб буго гIакъилаб бетIер. Дуде щвезегIанги вижичIо мун гIадинав гIакъил, дудаса хадувги вижиларо». Аллагьасдасан гIакъиллъи щун хадуб, Сулайман авараг лъугьана гьаб дуниялалда рижаразда гьоркьов бищунго гIакъилав чилъун.

Гьаб тIехь гIуцIун буго чанго гIасруялъул заманаялда данде ракIарарал ва цоцаздасан хъварал мажмугIаздасан (масала, Агурил ва Лемуэл парччахIасул мажмугIал). ТIехьалда цо-цо бакIал такрарлъиялъе гIиллабазул цояблъунги ккола

гьеб батIи-батIиял гIисинал тIахьаздасан гIуцIун букIин.

«Сулайман аварагасул гIакъилал рагIаби» абураб гьаб тIехь магIарул мацIалде буссинабуна Библия таржама гьабиялъул институталъул хIалтIухъабазулги Дагъистаналъул гIалимзабазулги гIахьалаб хIаракатчилъиялдалъун. ТIехь басмаялде бахъаразул хьул буго гьаб таржамаялъ цо бегьулеб бакI кквелин авар халкъалъул маданияб гIумруялда жаниб.

*Библия таржама гьабиялъул институт*

# СУЛАЙМАН АВАРАГАСУЛ ГІАКЪИЛАЛ РАГІАБИ

## БЕТІЕР 1

### *Байбихьи*

1 Давудил вас Сулайманил –
Израилалъул парччахІасул гІакъилал
рагІаби руго гьал.

2 Гьел хъван руго гІадамазда гІакълу щвезе,
цІодорго ва гІадлу-тадбиралда
гьел хьвадизе,
гІакъилал рагІабазул магІна
гьезда бичІчІизе.
3 Гьел хъван руго гІадамазулъ
гІадлу-тадбир цІикІкІине,

хIакъабщинабги, ритIухъабщинабги,
  бацIцIадабщинабги гьезул
  рекIелъе лъугьине.
4 Жагьилчиясе гIакълу щвезе,
гIолохъанчиясе гIелму-лъайги
  бичIчIиги щвезе.
5 Гьел рагIаби гIадахъ росани, гIакъиласулги
  лъай цIикIкIина,
цIодорасулги цIодорлъи-гIакъиллъи
  камиллъила.
6 Кици-биценалъул магIнаги гIужилаб
  каламги бичIчIизе,
гIакъилазул рагIабазулъ бахчараб
  балъголъиги лъазе хъван руго
  гьал гIакълаби.

### *Инсул малъа-хъваялъухъ гIенекке!*

7 Аллагьасукьа хIинкъи – гьеб буго
  гIелму-лъаялъул авал.
ГIабдалзабазни гIад-хочI гьабула
  гIакъиллъиги гIадлу-тадбирги.
8 Мун гIенекке, дир вас, инсул
  малъа-хъваялъухъ,
эбелалъ малъарабги рехун тоге.
9 Дур бетIералъе бищунго гьайбатаб
  таж букIина гьеб,

гарбида базе берцинаб
рахаслъунги лъугьина.
10 Я дир вас, мунагь-хIакъалъул агьлуялъ
къосинавулев вугони,
мун гьезда нахъвилълъунге.
11 Гьез дуда гьадин абила:
«ГъоркьчIел гьабун, пуланав чи чIвазе
вилълъа нижеда цадахъ.
Багьана-гIайибго гьечIев чиясе
нух кквезе вилълъа.
12 Кквезеги ккун гьел гIадамал нилъеца,
жужахIалъ кинигин, тIубанго къулчIила,
хобалъ кинигин, цадахъго ракьулъе
тIерхьинарила.
13 Нилъее щвела батIи-батIияб хазина,
нилъерго рукъзалги бечедаб давлаялъ
кьабун цIезарила.
14 Дуцаги нижеда цадахъ можоро рехила,
щвараб давлаги нилъер гIахьалаб букIина!»
15 Воре, мун гьезул нухдасан унге, дир вас,
гьезул нухдаса рикIкIад гьабе
дуца дурго хIетI.
16 Гьезул хIатIал квешлъиялде рекерулел руго,
би гIодобе тIезе гIедегIулел руго гьел.
17 ХIанчIазда бихьулеб бакIалда
гьезие гьин гьеялъул пайда букIунаро.

18 Жидерго би гIодобе тIезейин доз
гъоркьчIел гьабулеб бугеб,
жидерго рухI паналъизабулебин доз бугеб.
19 ХIарамаб давлаялъухъ
гIашикълъаравщинасул нух
гьединаб букIуна,
гьеб давла кодобе щваравги хвезавула гьелъ.

***ГIакъиллъи буго***
***гIадан гIадин кIалъалеб***

20 ГIакъиллъиялъ къотIноб ахIи балеб буго,
годекIанибе бахъун гьелъ
гьаракь гьабулеб буго,
21 гьаракь-хъуй гьарзаял бакIазда
ахIдолеб буго,
шагьаралъул кавабахъ чIун, гIакъиллъиялъ
гьадинал рагIаби абулел руго:
22 «Ле, жагьилзаби,
кидалъагIан нужее гьеб жагьиллъи
хиралъизе бугеб?
Ле, яхI-намус гьечIел гIадамал,
хириябщинаб гIад-хочI гьабиялдаса
кидалъагIан нужеца кеп босизе бугеб?
Ле, гIабдалзаби,
кидалъагIан нужеда гIелму-лъай
рихине бугеб?

23 Дир рагIаби гIадахъ росун, нуж кантIани,
дица нужеде чвахизабила
дир рекIелъ бугебщинаб,
дирго рагIабиги гьурщила нужеде.
24 Дица ахIи бана – нужеца гIинтIамичIо,
дица квербакъана – лъицаниги
гьеб къабул гьабичIо.
25 Нужеца жолъунго рикIкIинчIо
киналго дир гIакълаби,
дир малъа-хъваялги нужее рекIее гIечIо.
26 Гьединлъидал дунги белъанхъила
нужеде балагь бачIараб мехалъ,
дицаги кеп босила
нужеда тIаде гIасияб хIинкъи
рещтIараб мехалъ.
27 Зобалазул горо-цIер гIадин,
гIасияб хIинкъи тIаде рещтIараб,
гьалагаб гьури гIадин,
балагь тIаде гIунтIараб,
гIакъуба-къварилъиялъ
къахIан ккураб мехалда,
28 гьел диде ахIдезе лъугьаниги,
дица гIинтIамиларо,
дун балагьизе лъугьаниги,
гьезда дун батиларо, –
29 гIелму-лъайги гьезда рихиндал,

БетIергьанасукьа хIинкъиги гьез
тIаса бищичIелъул,
30 дир гIакълу-насихIат гIадахъ босичIелъул,
дир малъа-хъвайги сан гьабичIелъул.
31 Жидерго квешал ишазул гъотIода бижараб
пихъ кванала гьез,
жидерго квешал къасдаз гIорцIила гьел.
32 ТIирунчIеялъин жагьилзаби хвезарулел,
пикру гьечIолъиялъин гIабдалзаби
паналъизарулел.
33 Амма дихъ гIинтIамулев чи
сах-саламатго хутIила,
балагьалдаса хIинкъичIого
хIалхьун вукIина гьев».

## БЕТIЕР 2

### *ХIакъабщиналде, ритIухъабщиналде ва бацIцIадабщиналде рачунел нухал*

1 Я дир вас, дир рагIаби гIадахъ росани
ва дир амруялги дуца рекIелъ цIунани,
2 гIакъиллъиялъухъ гIенеккизе гIинги
ругьунлъани,
гIакълу бичIчIиялде ракIги гьетIани,
3 гIакълу-насихIатги дуца духъего ахIани,
бичIчIи-лъайги духъего гьарани,

4 гIарцул тIагIел гIадин дуца гьебги балагьани,
ракьулъ бахчараб хазинаялда гIадин,
мун гьелда хадувги лъугьани,
5 БетIергьанасукьа хIинкъи щиб жояли
лъала дуда,
Аллагь вичIчIиялъул гIелмуялдеги вагьила.
6 БетIергьанасин гIакъиллъи кьолеб,
Гьесдасанин цIодорлъиги лъайги щолеб.
7 РакIбацIцIадал гIадамазе квербакъизе
кидаго хIадур вуго Гьев,
хIалаллъиялда хьвадулезе хъалхъанлъунги
чIола Гьев.
8 РитIухъго хьвадулесул нухалги
цIунула Гьес,
муъминчиясул сухъмахъалги хIинкъи
гьечIеллъун лъугьинарула.
9 Гьеб мехалда дуда лъала хIакъабщиналде,
ритIухъабщиналде ва бацIцIадабщиналде
рачунел киналго нухал.
10 Дур рекIелъе гIакъиллъи лъугьина,
гIелму-лъаялъ рухIалъе разилъи-лазат
босун бачIина.
11 Квешаб-лъикIаб бичIчIиялъ цIунила мун,
цIодорлъиялъ хвасарги гьавила.
12 Квешал гIадамазул нухалдаса мун
гIакъиллъиялъ цIунила,

мекъаб-тӀекъаб бицунездасаги хвасар гьавила.
13 БецӀал сухъмахъаздасан ине бокьун,
битӀараб нух рехун тола гьез.
14 Квешлъи гьабиялдаса рохула гьел,
квешаб пасалъиялдасаги разилъула.
15 Гьезул сухъмахъалги кӀичӀ-кӀичӀарал руго,
гьенисан аралги нух къосун хутӀула.
16 ГӀакъиллъиялъ цӀунула мун чияр лъадудаса,
кӀал бахьинай чияр лъадудаса.
17 ГӀолохъанаб мехалъ вукӀарав гьудулги
рехун тарав гьелъ,
жиндирго Аллагьасул амруги
кӀочон тараб гьелда.
18 Гьелъул къайи-свериялъ мун хвалде вачуна,
гьелъул нухги хваразухъе унеб нух буго.
19 Гьелда аскӀове арав цониги чи
нахъвуссунаро,
цӀидасан гӀумруялъул нухги гьезие щоларо.
20 Гьединлъидал мун лъикӀазул нухдасан хьваде,
муъминзабазул нухги ккве дуца.
21 РакӀбацӀцӀадал гӀадамал гьаб ракьалда
рукӀине руго,
мунагь гьечӀелалги ракьалда тӀад хутӀизе руго.
22 РакӀхъубал гӀадамал ракьалдаса
лъухъан рехизе руго,
хиянатчагӀиги гьениса лъугӀизаризе руго.

## БЕТІЕР 3

### *Дир малъа-хъваял кIочене риччаге*

1 Я дир вас, дир малъа-хъваял дуца
    кIочене риччаге,
дир амруялги рекIелъ цIуне.
2 Гьез дур гIумру халалъизабила,
дуе сах-саламалъиги насиблъизабила.
3 ГурхIел-цIобги божилъиги рехун тоге,
гарбида маххаллъун жеме дуца гьел,
рекIел тIанчазда хъванги те.
4 Гьебмехалда Аллагьги гIадамалги
    разилъила дудаса,
лъикIаб цIарги чIвала дуда.
5 РакI-ракIалъго БетIергьанасда божа мун,
дурго бичIчIи-лъаялда божун хьвадуге.
6 Кинаб нух ккун гьабуниги,
Аллагь вичIчIизе тIалаб гьабе дуца –
дуе нух битIизабила Гьес.
7 Дудаго мунго гIакъилав чийилан ккоге.
БетIергьанасукьа хIинкъа,
    квешлъиялдаса рикIкIалъе;
8 Дур чорхое дарулъун лъугьина гьеб,
дур рукьбиги къвакIизарила гьелъ.

9 БоцІи-рикъзиялъул бутІаги
ва хуриб-ахикь гІезабурабщиналъул
тІоцебесеб бачІинги
дуца БетІергьанасе назру гьабе.
10 Гьеб мехалда дур царгъал
хІалухъадул цІела,
чаназухъ цІияб чагъирги кидаго тІасан
чвахулеб букІина.
11 БетІергьанасул гІадлу-тамихІалдаса
мун рекІекълъуге, дир вас,
Гьес дуда гІайиб чІвараб мехалъги,
мун данде чІоге.
12 Жиндиего вокьулев чиясе гьабула
БетІергьанас гІадлу;
инсуца васасул гІадин, гьесул
тІалабги гьабула.
13 Гьардарав гурищ гІакъиллъи жинда
батарав чи
ва жиндие бичІчІи-лъай щварав чи!
14 ГІакъиллъи щвей лъикІаб буго
гІарцул тІагІел щвеялдаса,
бацІцІадаб меседалдаса лъикІаб буго
гІакъиллъиялдасан бачІунеб хайирги.
15 Жавгьар-якъуталдасаги багьаяб буго гьеб,
дуца анищ гьабулебщинабги гьелда
данддеккун бажаруларо.

16 Гьелъул кваранаб хъатикь буго
гIумру халалъи,
квегIаб хъатикь буго бечелъиги
къадру-къиматги.
17 РакI рази гьабулел нухал руго гьелъул,
киналгоги гьел нухаз ракълиде рачуна.
18 ГIакъиллъиялда рекъон хьвадулезе
гIумруялъул гъветI буго гьеб,
гьелде мугъчIваралги гьардарал гурищ.
19 ГIакъиллъиялдалъунин БетIергьанас
гьаб ракьалъе кьучI лъураб,
гIакълуялдалъунин зоб къвакIизабураб.
20 Гьесул лъаялдалъунин ракьулъан
лъадал иххал чвахизарурал,
накIкIилъан ракьалде цIад базабураб.
21 Я дир вас, кIиго жо берзукьа биччаге дуца –
гIакълуялда нахъгIунтIиги ва
квешаб-лъикIаб бичIчIиги.
22 Гьеб букIина дур рухIалъе чIаголъилъун
ва гарбида балеб берцинаб рахаслъун.
23 Гьебмехалда мун щибго хIинкъи гьечIого
ина дурго нухдасан,
хIетIеги гIодоб тункиларо.
24 Кьижизе вегараб мехалъги дуда
хIинкъи лъаларо,
вегун щвараб макьуги гьуинаб букIина.

25 Нагагьаб балагьалдасаги хIинкъуге,
мунагь цIикIкIаразде бачIунеб
къварилъиялдасаги хIинкъуге.
26 БетIергьан вукIина дуе мугъ чIвазе
ва ракI гъезе,
дур хIетIе кIичIикье ккезе биччаларо Гьес.
27 Духъа бажарулеб бугони,
воре, рес къотIарасе лъикIлъи
гьабичIого тоге.
28 Гьесие къваригIараб-хIажатаб жо духъ бугони,
гIагарав чиясдаги абуге дуца,
гьанже нахъе айин, цинги вачIайин,
метер кьелин.
29 Божа-рокьигун дуда аскIов вугев мадугьаласе
квешлъиялъеги ургъуге.
30 Дуе квешлъи гьабичIев чигун
гIадада дагIбадуге.
31 Зулмучиясдаги мун бахиллъуге,
гьесул киналго нухазул цонигияб
тIаса бищуге.
32 Зулмучи БетIергьанасеги рихарав вуго,
вализаби Гьес жиндего гIагар гьарула.
33 Квешасул рукъалде БетIергьанасул
нагIана рещтIуна,
муъминзабазул къайи-свериялде Гьес
баркат рещтIинабула.

34 ЯхI-намус гьечIезда тIад Гьев
велъанхъулев ватани,
мутIигIаздаса Гьев разилъула.
35 ГIакъилазе ирсалъе къадру-къимат щола,
гIабдалзабаз жидедаго тIаде
хIакъирлъи-къабихIлъи чвахизабула.

## БЕТIЕР 4

### *ГIакъиллъиялъул пайда*

1 Инсул малъа-хъваялъухъ гIенекке, васал,
лъикIго гIинтIаме, нужеего гIакълу щвезе.
2 ЛъикIаб гIакълуйин дица нужее кьолеб бугеб.
Дир амруги рехун тоге нужеца.
3 Дунги вукIана дирго инсул васлъун
ва дирго эбелалъул хIеренав-недегьав
ва цохIо вугев рижилъун.
4 Дие гIакълу кьун, гьес дида абулаан:
Дир рагIаби рекIелъе риччай;
дир амруялда рекъон хьвадани,
чIаго хутIила мун.
5 ГIакъиллъи тIалаб гьабе, гIакълу-насихIат
тIалаб гьабе.
Дир кIалдисан рачIарал рагIаби кIочон тоге,
дица малъаралдаса кьуруге.
6 ГIакъиллъи рехун тоге, гьелъ цIунила мун;

гьеб бокьа дуе, гьелъ тIалаб-агъаз гьабила дур.
7 ГIакъиллъиялъул аслу сундулъ бугеб?
ГIакъиллъи тIалаб гьабун,
дурго бечелъиги кьун,
бичун босе дуца гIакълу-насихIат.
8 ГIакъиллъи дуца кIодо гьабе, гьелъ мунги
кIодо гьавила,
дуца гьелда къвал бай, гьелъ дур
къадру-къимат борхизабила.
9 Дур бетIералда тIад берцинал тIугьдузул гор
лъела гьелъ,
гьайбатаб тажги щвезабила дуе.
10 Я дир вас, дихъ гIенекке мун, дир
ргIабиги гIадахъ росе –
гьелдалъун дур гIумру халалъила.
11 Дица дуда бихьизабулеб буго гIакъилаб нух,
битIараб шагьраялдасанги вачунев вуго
дица мун.
12 Вилълъун унаго, гали бахъизе
захIмалъиларо дуе,
векерун унагоги, хIетIе гIодоб чIваларо.
13 Малъа-хъвай щулаго ккве, ккун чIезабе,
рекIелъ цIуне – дур чIаголъийин гьеб кколеб.
14 Пасикъал гIадамазул нухде лъугьунге мун,
квешазул шагьраялдасанги хьвадуге.
15 Гьеб нух рикIкIад гьабе, гьеб нухдасан унге,

гьебги жибго тун, хьибилалдасан а.
16 Квешлъи гьабичIого гьезул бер данде унаро,
цо щивниги кIалагъоркье речIчIизавичIони,
гьезул макьу тIурула!
17 Гьез хIарамлъи-пасалъи гьабула,
чед кваналеб гIадин,
Гьез зулму-хIалги гьабула,
чагъир гьекъолеб гIадин.
18 Муъминзабазул нух релълъуна баккудасаго
бакъул кунчIиялда,
цинги къалъуде щвезегIан гвангъулебго
гвангъулеб букIуна гьеб.
19 Квешал гIадамазул нух бецIаб букIуна,
киб хIетIе хъущтIилебали лъаларо гьезда.
20 Я дир вас, дир рагIабиги гIадахъ росе,
дир каламалда гъоркье гIинги ккве.
21 Дуца берзукьа риччаге гьел,
рекIел тIинда цIуне.
22 Гьел рагIаби жидеда ратаразе чIаголъи щола,
гьезул чорхое дарулъунги лъугьуна.
23 Дурго хазинаялдаса цIикIкIун
цIуне дурго ракI,
гьенисанлъидал чвахулел
чIаголъиялъул иццал.
24 Дурго кIалзул макру-гьереси аскIоса бачахъе,
мацIалзул хIилла-рекIкIги рикIкIад гьабе.

25 Дур берал ритIун ралагьизе те,
дур балагьиги дудаго цебе буссинабе.
26 БитIараб нух тIаса бищани,
киве аниги хIинкъи букIинаро дуе.
27 Я квараниса, яги квегIиса своруге мун;
дурго хIетIги квешлъиялдаса рикIкIад гьабе.

## БЕТIЕР 5

### *ХъахIбаяй чIужугIадамалда*
### *аскIове къаге*

1 Я дир вас, дир гIакълу гIадахъ босе,
дица бицунелда гъоркье гIинги кквe.
2 Гьелдалъун дуе гIакъиллъи щвела,
дур кIалзул каламалъулъ
гIелму-лъайги букIина.
3 Чияр лъадул кIалдисан гьоцIо бецIцIула,
нахалдаса хIеренаб букIуна
гьелъ бицунеб хабарги.
4 Амма гьей сабаблъун кколеб жо
рикIкIгIан кьогIаб букIуна,
кIибалаб ханжаргIан рекIараб букIуна.
5 Гьелъул бохдуз хвалде рачуна,
жужахIалде унел руго гьелъул хIатIалги.
6 Жиндирго гIумруялъул нухлул
пикруцин гьабуларо гьелъ,

кIичI-кIичIарал сухъмахъаздасан
уней йиго гьей,
жиндагоцин лъачIого.
7 Гьанжеги дихъ гIенекке, дир васал,
дир кIалдисан рачIарал рагIабиги рехун тоге.
8 Гьей чIужугIадамалдаса рикIкIад гьабе
дурго нух,
гьелъул нуцIил кIалтIеги къаге,
9 дурго къуват чидае кьечIого хутIизе,
гурхIел гьечIесе дурго гIумруялъул соналги
кьечIого хутIизе;
10 дур боцIи-рикъзиялъ чияр чагIи
гIорцIизаричIого хутIизе,
дуда захIмат бихьун гьабурабги
чияр рокъобе инчIого хутIизе.
11 Гурони – мун нахъа зигардизе вуго,
къуватги лъугIараб черхги
загIиплъараб мехалъ.
12 Ва дуца абила: «Малъа-хъвайги гIакълуги
дида рихун рукIарал куц,
кантIизавулеб хабарги
дица сан гьабичIеб куц!
13 Дие малъа-хъвай гьабулезул калам
гIадахъ босичIо дица,
гIакълу-насихIат кьолезда гьоркье
гIинги кквечIо.

14 КIудияб балагьалде гъоркье ккезе
вахъана дун
халкъалдаги жамагIаталдаги цеве».
15 Дурго иццдасан чвахулеб
ва дурго гъуялъусан бецIцIулеб лъим гьекъе.
16 Дур иццул лъим къватIаздасан
чвахизе кколаро,
байдабаздасан иххал рахъун
инеги кколаро гьеб.
17 ГIицIго мун бетIергьанаб букIине ккола
дур иццул лъим,
чияе гIахьал гьабизе бегьуларо.
18-19 Дур иццалда баркат лъеги,
гIолохъанаб мехалдаго ячарай лъадуца
вохизавеги.
Дуе хирияб ритIучIги гьей,
гьайбатаб жайранги гьей!
Гьелъул берцинлъиялъ кидаго
гIорцIизавеги мун,
гьелъул рокьуе мутIигIлъун
хутIаги мун даимго.
20 Дуе щай, дир вас, чияр чIужуялдехун
женжедизе,
чияр лъади каранде къазе.
21 БетIергьанасул берда цебе буго
инсанасул гIумру,

инсанасул киналго нухалги лъала гьесда.
22 Мунапикъ жиндирго квешал
ишаз къахIан кквела,
жиндирго мунагьаз гарацI бан вухьина гьев.
23 Малъараб босичIелъул, паналъила гьев,
жиндирго ахIмакълъиялъ къосинеги гьавила.

## БЕТIЕР 6

***ХIалихьатав-къадарав чи довегIан те***

1 Я дир вас, мунго гIадав чиясе гIоло
мун гъоркье чIани,
чияр чиясе гIоло къотIи гьабун,
къан кверги бачани,
2 дур кIалдисан бачIараб рагIуца мун
къорикье ккезавула,
дуца кьураб рагIуцаги къахIан ккола мун.
3 Мунго гIадав чиясул кверзукье
ккун вугелъул,
щиб гьабунги гьелдаса ворчIизе гIамал
гьабе, дир вас.
Инеги ун, инжитаб хIалалда
гьесда цеве чIун, гьарде.
4 Беразда макьу хурхине биччаге,
макьие берзул тIелхалги данде рачунге.

5 Чанахъанасдаса борчIизе
жайраналъ гьабулеб гIадин,
хIанчIи кколев чиясул кверзукьа борчIизе
хIанчIица гьабулеб гIадин,
мунго хвасарлъизе гIамал гьабе.
6 Ле кIвахIалав чи, дуего гIакълу щвезе, мун
цIунцIраялъухъе а,
гьеб хьвадулеб куцалъухъ валагье.
7 Гьелъул я хIаким гьечIо,
я тIад хъаравуллъун тарав чи гьечIо,
я хан гьечIо.
8 Амма риидал жиндиего нахърателги
гьабула гьелъ,
хур лъилъулеб заманалда
квинежоги бакIарула.
9 Ле кIвахIалав чи, кидалъагIан мун
кьижун вукIинев?
Кида мун макьидаса вигьинев?
10 Цодагьалъги кьижила, цодагьалъги
бер данде бачина,
тIатIала квералги лъун цодагьалъги
вегун чIела мун.
11 Гьебмехалъ, хъачагъ гIадин, бачIина
духъе мискинлъи,
талавурчи гIадин, бачIина
духъе ресукълъиги.

12 РекIкIал рагIабазул кIалги цIезабун хьвадула
хIалихьатав-къадарав чи.
13 Гьес бер къинкIула, хIатIаз наку бачуна,
килщаца ишанал гьарула.
14 Гьесул рекIелъ хIилла-рекIкI буго;
кидаго квешлъиялъе ургъулев вукIуна гьев
ва гIадамазда гьоркьоб кьал ккезабула.
15 Амма тохлъукьего паналъи рещтIуна
гьесда тIаде,
цойидасанго гьалаглъи насиблъула гьесие –
гьесие кумек щвеларо.
16 Гьале БетIергьанасе бокьулареб анлъго жо
ва Гьев рекIекълъулеб анкьабилебги:
17 беразул чIухIараб балагьи,
гьереси бицунеб мацI,
багьана-гIайиб гьечIеб би
гIодобе тIолел кверал,
18 квешаб къасд рещтIараб ракI,
квешлъиялде гIедерал хIатIал,
19 гьерсал хъурулев гьересинугI
ва вацазда гьоркьоб кьал ккезабулев чиги.
20 Я дир вас, инсул гьаб амру-насихIат цIуне,
эбелалъ малъарабги рехун тоге.
21 Гьеб кинабго дуца абадиялъего
рекIелъ бухьун те,
гарбида жемун те.

22 Мун кивениги унелъул, гьелъ нух
бихьизабила дуда,
кьижизе вегараб мехальги гьелъ цIунила мун,
макьидаса вигьараб мехалъги гьелъ накъит
гьабила дургун.
23 Гьеб амруги – чирахъ буго,
насихIатги – нур буго,
малъа-хъваялдалъун кантIизариги –
гIумруялъул нух буго.
24 Квешай чIужугIадамалдасаги,
чияр лъадул бахьинаб кIалалдасаги
цIунула мун гьез.
25 Гьелъул берцинлъиялъ ракI асир гьабизе
биччаге дуца,
гьелъ бер къинкIунилан,
гьелда хадувги унге.
26 ХъахIбаяй чIужугIадамалъ мун
хинкI-чедалдаса махIрум гьавула,
чияр лъадуцайин абуни, дуе хирияб
гIумру хвезабула!
27 ЦIа квенчIелтIа лъуни, гурде бухIичIого
хутIулищ?
28 ЦIа рекIарал тIорччол гIеркъазда
тIасан хьвадарасул хIатIал рухIичIого
хутIулищ?
29 Чияр лъадуда аскIове лъугьарав,

гьелда квер хъварав чиги тамихIалдаса
ворчIуларо.
30 Вакъун хутIараб мехалъ
живго гIорцIизейилан жо бикъарав цIогьор
гьедигIанго хIакъир гьавуларо.
31 Амма цIогьотIа ккун хадуб,
анкьго нухалъ цIикIкIун бецIизе ккола гьес,
рокъоб бугебщинабцин кьезе ккола.
32 ЧIужугIадамалъулгун зина гьабулев чи –
гIакълу гьечIев чи вуго.
Гьес жиндирго гIумру хвезабула.
33 Вухи-кьабиги рогьо-ничги
насиблъула гьесие.
ХIакъирлъиги киданиги тIаса унаро гьесдаса.
34 Росасул щакдари гIасияб ццидал цIураб
букIуна,
къисас босулеб къоялъ гьесда
гурхIел-рахIмуги лъаларо.
35 КигIан гIемераб гIарац-месед кьуниги,
гьес гьеб къабул гьабуларо,
кигIан гIемерал сайигъатал дуца рачIаниги,
дуда гьев гурхIуларо.

## БЕТIЕР 7

1 Я дир вас, дир рагIаби гIадахъ росе
ва дир амруялги дуца рекIелъ цIуне.

2 Дир амруял дуца рекӀелъ цӀунани,
мун чӀаго хутӀила.
Дица малъарабги ясбер гӀадин цӀуне.
3 Дурго килщазда ххун те гьел,
рекӀел тӀанчазда хъван те гьел.
4 ГӀакъиллъиялда дуца абе,
мун дир яц йигилан,
гӀакълуялдаги абе дир хириябилан,
5 чияр лъадудаса, кӀал бахьинай
чияр чӀужугӀадамалдаса
мунго цӀунизе.

***Жагьилав гӀолохъанчиги хъахӀбаяй чӀужугӀаданги***

6 Щаяли бицинин: горда бигъараб
гьиналда гьоркьосан
дун дирго рукъалъул гордухъа
къватӀиве ваккана.
7 Дида вихьана жагьилал гӀадамазда гьоркьов,
гӀолохъабазда гьоркьов
цо гӀакълу гьечӀев гӀолохъанчи.
8 Цо гӀадамалъул бакӀалде
къватӀ къотӀун унев вукӀана гьев.
9 Бакъ тӀерхьана, маркӀачӀумех щвана,
сордо бачӀана.
10 Гьале гьесда данде къватӀие ячӀуней йиго

хъахIбабазул ретIел ретIарай, макруяб
ракIалъул чIужугIадан.
11 АхIи-хIур гIемерай ва кквезе квелъ-чангит
гьечIей гIадан йиго гьей.
Рокъойги гьей къанагIатги йикIунаро.
12 Цин къотIное яхъун, цин годекIание ячIун,
щибаб бокIнилъ гьоркьчIел гьабун чIола гьей.
13 Гьале къан ккуна гьелъ гьев гIолохъанчи,
гьесда къочаризе лъугьана,
гьурмада нич гьечIого, абула гьелъ:
14 «Дица жакъа къурбан хъвезабуна,
гьелъул гьанги буго рокъоб.
Гьедин дирго назру тIубазабуна жакъа дица.
15 Гьедин яхъана дун дуда данде, мун валагьизе.
Гьале ватана гурищ дида мун.
16 Халичаби тIамун,
Мисриялдаса рачIарал чIухIарал шаршаваз
къачIан буго дица дирго бусен.
17 Мирраялъул, алоэялъул
ва дарчиналъул махIал
гьарун руго дица бусада.
18 Жаниве вилълъа, сордо рогьинегIан
нилъецаго рокьул лазат босизе,
рокьул рохалилъ нилъго лъедезе.
19 Дир росги рокъов гьечIо.
РикIкIадаб сапаралъ ана гьев.

20 ГӀарцул цӀураб киса ана цадахъ босун,
моцӀ рещалъизегӀан вуссунаро гьев».
21 Жиндирго кӀалдир ругьунал
гьединал рагӀабаз
сагьвил гьавуна гьелъ гьев,
хӀеренаб каламалъ
кодове восана гьев.
22 ГъобсагӀатго гьелда хадув ана гӀолохъанчи.
Ана, хъвезе бачун унеб оц гӀадин.
Ана, жиб кквезе рехараб кӀичӀида данде
ритӀучӀ гӀадин.
23 РечӀчӀун бачӀараб чӀоралъ тӀул борлъула
гьеб ритӀучӀалъул.
Хвалил кӀичӀ букӀин лъачӀого,
жиндиего гьин гъураб бакӀалде
гӀедегӀараб хӀинчӀ гӀадин ана гьев.
24 Гьанже, дир васал, нуж дихъ гӀенекке,
дир кӀалдисан рачӀунел рагӀабазухъ гӀин тӀаме.
25 Нужер ракӀал гьелъул нухдехун цӀагегиха,
гьелъул нухаздасан хьвадуге нуж.
26 Чанги чи хвезавидалха гьелъ,
гьелъ чӀваралги цӀакъго гӀемер ругелъулха!
27 Гьелъул рокъосан буго
жужахӀалде рачунеб нух,
гьеб нухалъ рачуна
хваразул агьлу бугеб бакӀалде.

## БЕТІЕР 8

### *ГIакъиллъиялъе рецц!*

1 ГIакъиллъи гуродай ахIдолеб бугеб,
гIакълуялъ гуродай ахIи балеб бугеб?
2 Нухал рорхатал бакIазда
ва нухал рикьулел бакIазда чIун буго
гьеб гIакъиллъи.
3 Шагьаралъул кавудухъ чIунги,
щибаб рукъалъул нуцIикIалтIа чIунги
ахIи балеб буго гьеб:
4 «Нужедейин, гIадамал, дун ахIдолеб бугеб,
кинабго халкъалдейин дица гьаракь
гьабулеб бугеб!
5 Ле жагьилал гIадамал,
нужеего гIелму-лъай тIалаб гьабе!
Ле гIабдалзаби,
гIакълу гIадахъ босе!
6 Дихъ гIенекке нуж, пайдаяб жойин дица
бицинехъин бугеб,
битIараб бицинейин дица
кIал бичIизехъин бугеб.
7 ХIакъаб гуреб рагIи бачIунаро дир мацIалде,
гьересиги буго дир кIутIбузе
сурукъаб-къабихIаб жо.

8 Дир кIалдисан бачIараб щибаб рагIи
битIараб букIуна,
хIилла-рекIкIги мекълъи-тIекълъиги
букIунаро гьезулъ.
9 БичIчIулев чиясе хIакъал рагIаби руго гьел,
лъай бугесе ритIухъалги руго.
10 ГIарац-месед балагьичIого,
дир малъа-хъвай босе,
багIараб месед тIалаб гьабичIого,
гIелму-лъай тIалаб гьабе.
11 Маргъал-якъуталдасаги лъикIаб буго дун,
ва дуе бокьулебщинаб жоги дида данде
кквезе бажаруларо.
12 Дилъ – гIакъиллъиялъулъ буго
сундаго нахъгIунтIи
ва дида батула пикру камиллъулеб
гIелму-лъайги.
13 БетIергьанасукьа хIинкъи –
гьеб ккола квешабщиналде рокьукълъи.
Дие рихараб буго чIухIи-пахрулъи,
ва квешлъиялде нух,
ва гьереси бицунеб кIал.
14 ГIакълу кьезеги лъала дида,
кумек гьабизеги кIола дида.
Дилъ гIакълу-насихIат буго,
дилъ къуват-гуч буго.

15 Дидалъунин парччахIзабаз парччахIлъи
хIалтIизабулеб,
хIакимзабаз битIараб диванги къотIулеб.
16 Дидалъунин ханзабаз ханлъи гьабулеб,
киналго къиралзабаз ритIухъго
хIукмуги гьабулеб.
17 Дун бокьулел диеги рокьула,
балагьизе лъугьаразда батулебха дун!
18 Дидасан буго бечелъи ва къадру-къимат,
тIасаго унареб боцIи-рикъзи ва
лъикIаб бетIербахъи.
19 Дидасан щолеб жо
лъикIаб буго багIараб меседалдаса,
дидасан лъугьунеб жоги
лъикIаб буго хъахIаб гIарацалдаса.
20 Дун уна ритIухълъиялъул нухдасан,
ритIухъаб хIукмуялъул нухдасан.
21 Дун бокьулезе кьезе бечелъиги буго дир,
гьезул гъансалги хазинадул цIезарула дица.
22 Бищунго цебе бижана дун БетIергьанас,
цIакъго некIсияб заманалдаго букIана дун.
23 Сундасаго цебе – авалалдаго бижана дун,
дунијал бижилалдего бижана.
24 Дун бижараб мехалъ гъваридал
ралъадал рукIинчIо,
лъим гьарзаял иццалги рукIинчIо.

25 МугӀрул рорхизарилалдего,
гохӀал лъугьинарилалдего бижана дун.
26 БетӀергьанас жеги ракьги, гьенир хурзалги,
ракьул тӀоцересел гӀеркъалги рижилалдего
букӀана дун.
27 Гьес зобал къачӀалеб мехалъ,
дун гьениб букӀана.
НекӀсияб ралъдатӀа гьаб дуниял бижизе
бакӀ тӀаса бищун,
гор лъугьинабун Гьес хӀучч цӀалеб
мехалдаго букӀана дун.
28 Гьес зобалазда накӀкӀал чӀезарулеб
мехалдаго,
некӀсияб ралъадалдасан
лъарал-гӀорал чвахизарулеб мехалдаго
букӀана дун.
29 Жиндир амру хвезабун,
ралъдал лъим къватӀибе чвахунгутӀизе,
Гьес гӀурхъи чӀезабураб
ва ракьалъе къучӀ лъолеб мехалдаго
букӀана дун.
30 Гьебмехалда дун букӀана
Гьесие хӀалтӀулеб устарлъун,
щибаб къоялъ Гьесие рохеллъун.
Кидаго Гьесдаса бохун букӀунаан дунги.
31 Бохун букӀунаан гьаб дуниялалдаса,

дуниялалда Гьес бижараб гIаламалдаса
разиго букIунаан.
32 Ворея, гIадамал, гIенекке гьанжеги дихъ:
гьардарал гурищха дир нухал цIунарал чагIи.
33 ГIенекке дир малъа-хъваязухъ,
гIакъилаллъун рукIа, гьел рехун тоге.
34 Гьардарав гурищ щибаб къоялъ дир
кавудухъ ворчIуда чIун
ва дир нуцIил рагьумахIуялда цеве
хъаравуллъуда чIун,
дихъ гIенеккулев чи.
35 Дун жиндие щварав чиясе чIаголъиги щола,
БетIергьанги разилъула гьесдаса.
36 Дида хьолбохъан арас жиндиего зарал гьабула;
дун бокьуларелщиназе хвел бокьула».

## БЕТIЕР 9

### *ГIакъиллъиги гIантлъиги*

1 ГIакъиллъиялъ жиндиего рукъ бана,
гьелъие анкьго хIуби къачIана,
2 гьениб къурбан хъуна, чагъир тIуна,
столалда тIад квен лъуна.
3 Гьелъ гъаравашал ритIана,
шагьаралъул бищунго борхатаб
бакIалде рахун:

4 «Жагьилав чи гьанивехун свере», – ян
ахIдезе.
ГIакълу гьечIездехун гIакъиллъиялъ абуна:
5 «Гьанире рачIун, дир столалдаса
чедги кванай
дица тIураб чагъирги гьекъе.
6 Жагьиллъиги рехун тун,
гьабе нужеца гIумру.
ГIакълу-насихIаталъул нухдасан
хьваде нуж!»
7 ЯхI-намус гьечIесе бадибчIвай гьабулев чи
гьес гIад-хочI гьавула,
квешав чи кантIизавизе лъугьарасеги
гьесдасан квешаб рагIи насиблъула.
8 ЯхI-намус гьечIев чи кантIизавуге –
гьесие мун рихина;
гIакъилав чи кантIизаве –
гьесие мун вокьила.
9 ГIакъиласе кье гIакълу –
гьев дагьавги гIакъиллъила;
муъминчиги цIодор гьаве –
гьесул лъай цIикIкIина.
10 Аллагьасукьа хIинкъи –
гьеб буго гIакъиллъиялъул авал,
ТIадегIанав вичIчIиялъул гIелму
тIалаб гьабиги цIодорлъи буго.

11 Дидалъун цIикIкIина дур гIумруялъул къоял,
дур гIумруги халалъила.
12 Мун гIакъилав ватани,
гьеб гIакъиллъи дуего пайдаялъе буго,
яхI-намус гьечIев чи мун ватани,
гьелъул гIакъуба-къварилъиги дуего буго.
13 ГIантлъи буго гIакълу гьечIей чIужугIадан
гIадаб жо,
цIакъго ахIи-хIуралда йикIуней,
жийго кквезе квелъ-чангит гьечIей
ва жагьиллъиялда йигей.
14 Жиндирго кавудал кIалтIа кIусун,
яги шагьаралъул бищунго рорхатал
бакIазде яхун:
15-16 «Жагьилав чи гьанивехун свере», – ян
ахIула гьелъ аскIосан унездеги
жидерго нухдасан къокъунездеги.
ГIакълу гьечIездехун гьелъ абула:
17 «Бикъараб лъимги гьуинаб букIуна,
балъго кваналеб чедги тIагIамаб
букIуна», – ян.
18 ГIакълу гьечIезда лъаларо
гьелъул рокъоре лъугьарал гIадамал
хвалде унеллъи,
гьелъул гьалбалги жужахIалъул
тIинда ругеллъи.

## БЕТIЕР 10

### *Сулайманил кицаби*

1 ЦIодорав васас эмен вохизавула,
гIантав васас эбелалъул ракI унтизабула.
2 ХIарамаб хазинаялъ хайир кьоларо,
ритIухълъиялъ хвалдаса рорчIизарула.
3 Муъминчиясде БетIергьанас
ракъул гIазаб биччаларо,
пасикъасе бокьарабги Гьес нахъчIвала.
4 КIвахIалал квераз чи мискинлъизавула,
квалквадулел квераз – бечелъизавула.
5 Риидал хур бакIарулев чи –
цIодорав чи вуго,
лъилъарулъ кьижун чIаравги инжитлъула.
6 Муъминчиясул бетIералде
баркат рещтIуна,
пасикъасул кIалдиб зулму бахчун букIуна.
7 Муъминчи ракIалде щвезавуни –
баркат лъола,
пасикъасул цIаргицин кIочон тола.
8 ГIакъилас лъикIаб амру ракI-ракIалъго
къабул гьабула,
амма гIантав чIандачи хъущтIула-тарула.
9 ВацIцIадго хьвадулесе хIинкъи букIунаро,

мекъаб-тIекъаб нух тIаса бищарав
ккун вачун уна.
10 Квешлъиялъе бер къинкIулес
пашманлъизарула,
ракIрагьун кIалъалес маслихIат гьабула.
11 Муъминчиясул кIалдисан
маулхIаят бецIцIула,
пасикъасул кIалдиб зулму бахчун букIуна.
12 Рокьукълъиялъ кьалде рачуна,
рокьиялъ киналго мунагьал рахчула.
13 ЦIодорасул кIалдиб гIакъиллъи батула,
гIакълу гьечIесул гьодилъ кьабизе
хьоп батула.
14 ГIакъиласул ракIалъ гIелму-лъай цIунула,
гIабдаласул кIалалъ паналъи-пасалъи
тIаде цIала.
15 Бечедасул боцIи-рикъзи – щулияб хъала,
мискинасул язихълъи –
чIобогояб чIвадан.
16 Муъминчиясул бетIербахъиялъ гьесие
чIаголъи кьола,
пасикъасе щвараб хайиралъ гьев
тамихIалде вачуна.
17 Малъараб гIадахъ босулев чи гьелъ
чIаголъиялде вачуна,
кантIизави къабул гьабуларев чи къосуна.

18 Тушманлъи рекIелъ бахчарасул кIалдиб
гьереси букIуна,
мацI гьабун гаргадулев чиги гIабдал вуго.
19 РагIи гIемералъуб мунагь гьечIого хутIуларо,
жиндирго кIалалда кIулал раравги
цIодорав чи вуго.
20 Муъминчиясул кIалдиб мацI –
гIарац-меседалда релълъуна,
пасикъасул ракI – щибго гуреб жо ккола.
21 Муъминчиясул кIалалъ чанги чи хьихьула,
гIабдалзаби жидерго гIакълу
дагьлъиялдалъун хола.
22 БетIергьанасул баркаталъ бечелъизарула,
баркатгун вугев чиясда ургъелги
къварилъиги лъаларо.
23 ГIабдал квешаб гIамалалдаса вохула,
гIакъилав чи жиндирго
цIодорлъиялдаса вохула.
24 Пасикъав чи жиндаса хIинкъараб жо
гьесда тIаде бачIуна,
муъминчиясул мурад тIубачIого хутIуларо.
25 Кутакаб гьури бахъанищ –
пасикъав чи араб бакI лъачIого тIагIуна,
муъминчийин абуни щулаго чIола.
26 ГIусазе къанцIа гIадаб ва беразе кIкIуй
гIадаб жо буго

кIвахIалав чи къваригIелалъ витIи.
27 БетIергьанасукьа хIинкъиялъ
гIумру халалъизабула,
пасикъазул гIумру къокълъула.
28 Муъминчиясул хьул лъуни,
рохел насиблъула,
пасикъасул хьул лъуни, балагь насиблъула.
29 БетIергьанасул нух – ракIбацIцIадав чиясе
щулияб хъала,
квешлъи гьабулевги гьелъ
паналъиялде вачуна.
30 Муъминчи киданиги
хъущтIиларо-тариларо,
пасикъав чиги ракьалда тIад хутIиларо.
31 Муъминчиясул кIалдисан
гIакъиллъи бецIцIула,
квешлъиялъе кIалдиб багъарараб мацI
къотIун рехула.
32 Муъминчиясул кIалалда лъала рекIелъ
рекъолеб рагIи бицине,
пасикъасул кIалалъ кинабго
кIалагъоркье чIвазабула.

## БЕТIЕР 11

1 ХIилла-рекIкI гьабурал цIадираби
БетIергьанасе рихарал руго,

битIун цIалел гираби Гьесие рокьула.
2 ГIамалкIодолъиялда цадахъ
инжитлъи-къабихIлъи букIуна,
хIеренлъи-хIалимлъиялда цадахъ
гIакъиллъи букIуна.
3 РитIухъазул ракIбацIцIалъиялъ гьел
нухда рачуна,
божизе бегьуларезул хиянаталъ
жалго гьалаглъизарула.
4 БетIергьанасул ццин бахъараб къоялъ
бечелъиялъ кумек гьабуларо,
ритIухълъиялъ хвалдаса хвасар гьавула.
5 РакIбацIцIадав чиясул ритIухълъиялъ
гьесул нух битIизабула,
квешалги жидерго квешлъиялъ хвезарула.
6 Муъминчиясул ритIухълъиялъ
гьев хвасар гьавула,
хиянатчагIи жидерго рекIел гьаваялъул
гьиналъ ккун руго.
7 Квешав чи хвараб мехалъ
гьесул букIараб хьул-къасд гIадада ккола,
жиндирго къуват-жаналдалъун щвезе
ракIалда букIарабги лъугIун уна.
8 Муъминчи балагьалдаса хвасарлъула,
яхI-намус гьечIев чи гьесул бакIалда
балагьалда гъоркье ккола.

9 ЯхI-намус гьечIесул кIалалъ мадугьал
 паналъизавула,
Аллагь вичIчIиялъул гIелмуялъ
 муъминчи хвасар гьавула.
10 Муъминчиясде гьарзалъи-баркат
 рещтIараб мехалъ,
шагьарго бохула,
яхI-намус гьечIев чи
 паналъараб мехалъ,
киназго рохел лъазабула.
11 Муъминзабазул баркаталдалъун
 шагьаралъул цIар борхизабула,
пасикъазул кIалалъ гьеб щущазабула.
12 ГIакълу гьечIев чи мадугьаласда тIад
 велъанхъула,
гIакъилас кIал данде бачун тола.
13 МацIихъанас чияр балъголъи къватIибе
 загьир гьабула,
гIакъилав чияс балъголъи цIунула.
14 НасихIатал гьечIони, халкъ паналъула,
гIакълучагIи цIикIкIанагIан
 бергьенлъиги хIакълъула.
15 Чияе гIоло гъоркье чIарав чияс жиндиего
 квешлъи гьабула,
квер бачун рагIи кьей рихарасе
 хIинкъи букIунаро.

16 РакI лъикIай чIужугIадамалъ лъикIаб
цIар-рецц балагъула,
ракI квешав бихьинчияс гIицIго
бечелъи балагъула.
17 РакI лъикIасе пайда-хайир насиблъула,
ракI квешас жиндаго тIаде балагь бачуна.
18 Квешлъиялъухъ щолеб хайир
рекIкIаб букIуна,
ритIухълъи бекьулесул хур цIун бачIиналда
божизе бегъула.
19 Унго-унголъун ритIухъав чи чIаго хутIула,
квешлъиялда хадув лъугьарасде
хвел тIаде гIунтIула.
20 РекIелъ хIилла-рекIкI бугев чи
БетIергьанасе рихарав вуго,
ракIбацIцIадго хьвадулесдаса
Гьев разилъула.
21 РакIчIун абизе бегъула
квешав чи тамихIалдаса ворчIиларилан,
амма муъминчи хвасарлъила.
22 Берцинай, амма цIодорлъи гьабуларей
чIужугIадан релълъуна
болъонил магIарзукъалазда бараб
меседил кIиликIалда.
23 Муъминзабаз хIаракат бахъула гIицIго
лъикIлъи гьабизе,

пасикъазул хIаракаталъ БетIергьанасул
ццин бахъиналде рачуна.
24 Цояс сахаватго чвахизабула садакъаде
кьолеб жо,
ва гьесул бечелъи жеги цIикIкIуна,
цогидас къан ккун тола –
жиндиего заралалъе.
25 Сахаватав чиясул лъикIаб гIумру букIуна,
цогидазул хIалхьезабулев чи
хIалхьиялда хутIула.
26 Жиндиего чед нахъе цIунарав чиясе
халкъалъ нагIана кьола,
амма гьеб бичулесул надалда баркаталъул
мугьру букIуна.
27 ЛъикIлъи гьабизе гIедегIулев чи ккола
Аллагьасдасан баркат балагьулев чи,
амма квешлъи балагьулев чиясда тIаде
квешлъи рещтIуна.
28 Бечелъиялде мугъ чIварав чи гIодов ккола,
муъминчиясул хуриб тIор цIубараб букIуна.
29 Жиндирго хъизан биххизабурасе
гьури насиблъула,
гIабдаласни гIакъиласе лагълъи гьабизе ккола.
30 Муъминчиясул гIамал – гIумруялъул гъветI,
гIакъилав чияс гIадамазул ракI
жиндехунго цIала.

31 Муъминчиясе дуниялалда щола шапакъат,
пасикъазеги мунагьал гьарулезеги
щолеб гIазаб-гIакъуба
гIемерго цIикIкIараб букIуна.

## БЕТIЕР 12

1 НасихIат бокьулесе гIелму-лъайги бокьула,
кантIизе бокьуларев чиги гIабдал вуго.
2 ЛъикIасдаса БетIергьан разилъула,
макруяв чиясени Гьес тамихI гьабула.
3 Пасикъасул гьотIоца кьалбал риччаларо,
муъминзабазул гьотIол кьалбал
щулиял рукIуна.
4 ГIамал лъикIай лъади –
росасул бетIералда лъолеб таж ккола,
инжитай лъади –
гьесул рукьбузда чIвалеб ккал буго.
5 Муъминчиясул къасд-ният ритIухълъиялде
буссараб букIуна,
пасикъазул ишазулъ
хIилла-макру букIуна.
6 Пасикъазул кIалзул калам ккола
гIадамазул би гIодобе тIезе
гьабулеб гьоркьчIел,
муъминзабазул кIалалъ гIадамал
хвасар гьарула.

7 Пасикъав чи кIалагъоркье речIчIула,
гьесул иш лъугIула,
муъминчиясул рукъалъул кьучI
щулияб букIуна.
8 Инсан веццула гьесул цIодорлъи бихьун,
рекIелъ хIилла-рекIкIги хиянатги бугев
халкъалъе инжитлъула.
9 ЦохIо лагъасул бетIергьанлъун вукIун,
живго гIодовегIанлъун вихьи лъикI,
чадил мочIу гьечIеб мехалъги гIамал
кIодолъун вукIиналдаса.
10 Муъминчиясда лъала жиндирго хIайваназе
хIажатаб жо,
пасикъасул ракI бицатаб букIуна.
11 Хур бекьулев чи чадица гIорцIула,
гьодорал анищазда гIумру тIамулевги
гIакълу гьечIев чи вуго.
12 Пасикъазул хъала – чвахун унеб сали,
муъминзабазул гъотIол кьибил
къвакIараб ракьулъ букIуна.
13 Пасикъасе жиндирго мунагьаб кIалалъ
къор гъола,
муъминчи балагьалдаса ворчIула.
14 Кверал квалквадун щолебго гIадин,
кIалзул каламалдалъунги щола
инсанасе боцIи-рикъзи.

15 ГӀабдаласда ккола жиндир нух
битӀараб бугилан,
цӀодорав чи цогидасул
гӀакълуялъухъ гӀенеккула.
16 ГӀабдалас гъобсагӀатго тӀатинабула
жиндирго рекӀекълъи,
цӀодорас пикруцин гьабуларо
жиндир ракӀ лъукъиялъул.
17 РитӀухъав нугӀас битӀараб бицуна,
гьересинугӀас гьерсал рицуна.
18 УргъичӀого рехараб рагӀуца
хвалчаца гӀадин лъукъула,
гӀакъилазул мацӀалдасан дару бецӀцӀула.
19 БитӀараб рагӀи абадиялъего хутӀула,
гьереси цохӀо лахӀзаталда тӀатуна.
20 Квешлъиялъе ургъулез жидеего
хӀилла-рекӀкӀ гьабула,
маслихӀатчагӀазул рекӀелъ рохел букӀуна.
21 Муъминчиясде балагь бачӀунаро,
пасикъал гӀадамал балагьалъулъ къан рукӀуна.
22 Гьереси бицунеб кӀал БетӀергьанасе
рихараб буго,
ритӀухъал чагӀаздаса Гьев разилъула.
23 ЦӀодорас жиндирго гӀелму-лъай бахчула,
гӀабдаласул рекӀелъан гӀантлъи
гьулчун бачӀуна.

24 Квалквадулеб квер ханлъуда букIина,
кIвахIалъ лагълъиялде ккезарула.
25 РакIкъварилъиялъ чи чурхъула,
лъикIаб рагIуца вохизавула.
26 Муъминчияс мадугьаласе нух бихьизабула,
пасикъазул гIамал-хасияталъ
жалго къосинарула.
27 КIвахIалав чияс жиндирго
чанил гьан бежуларо,
кIвахI гьечIесе боцIи-рикъзи камуларо.
28 РитIухълъиялъул нух – чIаголъиялъул нух,
мекъаб-тIекъаб нухалъ хвалде рачуна.

## БЕТIЕР 13

1 ЦIодорав васас инсуца малъараб босула,
яхI-намус гьечIев чи кантIизавиялъухъ
гIенеккуларо.
2 КIалзул каламалдалъун инсанасе
лъикIлъи щола,
хиянатчиясул рекIелъ квешлъи букIуна.
3 КIал цIунарас рухIги цIунула,
ургъичIого кIалъалесде балагь бачIуна.
4 КIвахIаласул рекIее гIемераб жо бокьула –
щибниги щоларо,
кIвахI гьечIезейин абуни,
рекIее бокьарабщинаб щола.

5 Муъминчиясе гьереси рихараб буго,
пасикъав чи инжитго ва
къабихIго хьвадула.
6 РакIбацIцIадав инсан ритIухълъиялъ
сапаралдаги цIунула,
пасикъав чи мунагьалъ гIодов ккезавула.
7 Цояв жив бечедав вугилан чIола,
жиндир щибниги гьечIониги,
цогидавин абуни, кигIан кIудияб бечелъи
жиндир бугониги,
щибниги гьечIилан чIола.
8 Инсанасул бечелъи – гьесул гIумруялъухъ
бахъулеб магъало,
мискинчиясе гьелъул хIинкъи букIунаро.
9 Муъминчиясда тIад нур чIун букIуна,
пасикъазул чирахъ сун уна.
10 ГIамалкIодолъиялдалъун гIицIго
дагIба-рагIи ккола,
гIакълу дандбалезулъ гIакъиллъи букIуна.
11 ГIедегIун данде бакIарараб бечелъи
хехго лълъаранибе уна,
дагьа-дагьабккун данде бакIарараб –
цIикIкIунебго цIикIкIунеб букIуна.
12 Хьул хIорлъани – ракI чIунтула,
анищ тIубайги гIумруялъул
иццлъун рикIкIуна.

13 НасихIат гIадахъ босуларесе
гIазаб хIакълъула,
амруял тIуразарулесе кири хъвала.
14 ГIакъиласул насихIат – маулхIаяталъул ицц,
хвалил кIичIикьа гьелъин рорчIизарулел.
15 ГIакълу камиллъиялъ ракI рази гьабула,
хиянатчиясул нух цIакъ захIматаб букIуна.
16 ЦIодорав чи гIелму-лъаялда
нахъвилълъуна,
гIабдалас жиндирго гIантлъи тIатинабула.
17 Намус гьечIев чапарас балагьалде рачуна,
божи бугев вакил унтуе дару гIадин вукIуна.
18 Малъараб босуларесда тIаде ресукълъиги
хIакъирлъиги бачIуна,
малъухъе хьвадулесул хIурмат гьабула.
19 Мурадалде щвеялъ ракI бохизабула,
гIабдалзабазин абуни,
квешлъиялдаса инкар гьаби
балагьлъун рикIкIуна.
20 ГIакъиласулгун гьоркьоблъи ккурасе
гIакълу щола,
гIабдаласулгун гьудуллъи гьабурасе
зарал ккола.
21 Мунагь гьабурасда хадубчIун
балагь букIуна,
муъминчиясе шапакъаталъе лъикIлъи щола.

22 ЛъикIав чияс лъималазул лъималазеги
ирс нахъе тола,
мунагьчияс данде гьабураб боцIи-рикъзи
муъминзабазе хутIула.
23 Мискинасулги хур цIун бачIине бегьула,
хIилла-рекIкIалъ хурул бачIин
хIурудахъ инабула.
24 Хьопалда гурхIарав чи – жиндирго вас
рихарав чи,
вас вокьулес гьесие гIадлу гьабичIого толаро.
25 Муъминзаби гIорцIизегIан кванала,
пасикъазул чехь бакъун хутIула.

## БЕТIЕР 14

1 ГIакъилай лъадуца рукъ гIуцIула,
гIанталъ гьеб жиндирго квераз биххизабула.
2 БитIараб нухдасан унев чи
БетIергьанасукьа хIинкъула,
кIичI-кIичIараб нухдасан унес
Гьев сан гьавуларо.
3 ГIабдаласул кIалалъе жиндирго гьодилъ
кьабизе хьоп хайирлъула,
гIакъиласул кIалалъ живго цIунула.
4 Оцал гьечIесул руссун чIобого букIуна,
оцал хIалтIизарулесул хур цIун бачIуна.
5 РитIухъав нугIас гьереси бицунаро,

гьересинугӀас гьерсал хъурула.
6 ЯхӀ-намус гьечӀесе, кигӀан балагьаниги,
гӀакъиллъи щоларо,
цӀодорасе гӀелму-лъай бигьаго щола.
7 ГӀантав чиясдаса рикӀкӀалъе,
гьесул рагӀулъ гӀакъиллъи батуларин дуда.
8 ГӀакъиласул цӀодорлъи –
жиндирго нух лъай,
гӀабдалзабазул гӀакълу гьечӀолъи –
хӀилла-макруялъул нух тӀаса бищи.
9 ГӀабдалзаби – мунагьалдаса лъутулезда
тӀад релъанхъула,
лъикӀал гӀадамазул рукъалда баркат лъола.
10 РекӀеда лъала жиндилъго бугеб
пашманлъи-къварилъи,
рекӀелъ бугеб рохалилъе чияр чи лъугьунаро.
11 Пасикъав чиясул рукъзал риххула,
муъминчиясул чадир берцинлъула.
12 Буго нух инсанасда битӀарабилан кколеб,
амма ахиралда гьелъ хвалде рачуна.
13 Велъанхъулеб мехалъгицин унтизе бегьула
инсанасул ракӀ,
рохелги пашманлъиялде сверизе бегьула.
14 Пасикъазе – жидерго ишазухъ
жаза насиблъула,
лъикӀазе – жидерго ишазухъ кири насиблъула.

15 Жагьилав чи сундаго божула,
цIодорав чи щибаб гали тIамизе ургъула.
16 ГIакъилав чи, квешлъиялдаса хIинкъун,
гьелдаса рикIкIад чIола,
гIабдал сункьаниги хIинкъуларо,
ва лъиданиги кIоларо гьесда квелъ базе.
17 Ццин хехас гIантал жал гьарула,
квешлъиялъе ургъулев чи халкъалда рихуна.
18 Жагьилал гIадамазе гIантлъи насиблъула,
цIодорал гIадамазе гIелму-лъаялъул
таж щола.
19 Квешаз лъикIазда цебе бетIер къулизе буго,
пасикъазги муъминзабазул кавудухъ
бетIер къулизе буго.
20 Мискинчиясдаса мадугьалгицин лъутула,
бечедасул гьудулзаби гIемер рукIуна.
21 Мискинав мадугьал сан гьавуларесе
мунагь букIуна,
гьардарав гурищ мискинзабазда гурхIулев чи!
22 Квешлъиялъе ургъулел чагIи
къосун ккун гьечIелищха?
Амма лъикIлъиялъе ургъулев чи
гIадамазе вокьула
ва гьесде божилъиги букIуна.
23 Щибаб хIалтIи-пишаялъулъ
пайда-хайир букIуна,

гIадада кIалъалеб кIалалдасан
зарал гуреб жо букIунаро.
24 ГIакъилазул бечелъи – жидерго бетIералда
лъолеб таж,
гIакълу гьечIелалги жидерго
гIантлъиялдалъун лъала.
25 БитIараб бицунев нугIас гIадамал
хвасар гьарула,
гьересинугIас хиянат гьабула.
26 Аллагьасукьа хIинкъи –
бахъизе кIолареб хъала,
Гьесукьа хIинкъулесул лъималазеги
гьеб хъалаялъуб хIинкъи букIунаро.
27 Аллагьасукьа хIинкъи –
маулхIаяталъул ицц,
хвалил кIичIикьаги гьелъин рорчIизарулел.
28 Халкъ гIемерлъани – хан тIадегIанлъула,
гIадамал дагьлъани – пача паналъула.
29 Сабру кIудияв чи жиндирго
гIакълуялдалъун тIадегIанлъула,
ццин хехас жиндирго гIантлъи тIатинабула.
30 РекIел сабруялъ чорхое чIаголъи кьола,
бербахиллъиялъ рукьби туризарула.
31 Мискиназе зулму гьабулес гьел рижарав
Аллагь какула,
хIажатасда гурхIулес Гьесие рецц гьабула.

32 Пасикъал чагІи жидерго
квешлъиялъулъ гъанкъула,
муъминзаби жидерго лъикІлъиялъ
хвасар гьарула.
33 ЦІодорасул ракІ гІакъиллъиялъе рекъон
ккола,
гІабдалзабазда гьеб бугеблъигицин лъаларо.
34 РитІухълъиялъ халкъ кІодо гьабула,
мунагьалъ щибаб къавмалъе
рогьо-нич гьабула.
35 ЦІодорав лагъас хан вохизавула,
инжитав лагъас гьесул ццин бахъинабула.

## БЕТІЕР 15

1 ХІеренаб жавабалъ ццин гІодоцинабула,
хъачІаб рагІуца ццин гьалаглъизабула.
2 ГІакъилазул мацІалдасан
гІелму-лъай бецІцІула,
гІабдалзабазул кІалдисан гІантаб рагІи бурула.
3 БетІергьанасул бер щолареб бакІ гьечІо:
квешалги рихьула, лъикІалги рихьула.
4 КІалзул хІеренлъи – чІаголъиялъул гъветІ,
кІалзул гьересиялъ ракІ чІунтизабула.
5 ГІабдалас инсул малъа-хъвай
гІад-хочІ гьабула,
кантІизави къабул гьабурасе гІакълу щола.

6 Муъминчиясул рукъ хазинадул цIун букIуна,
пасикъасул боцIи-рикъзиялъ
балагь тIаде цIала.
7 ЦIодоразул кIалалъ гIелму-лъай
тIибитIизабула,
гIабдалзабазул ракIал гьелдаса
рикIкIад рукIуна.
8 Пасикъазул къурбан БетIергьанасе
рихараб буго,
муъминзабазул гьари-дугIаялдаса
Гьев разилъула.
9 Пасикъасул нух БетIергьанасе рихараб буго,
витIун хьвадулев чи Гьесие вокьула.
10 Нухдаса тарарасе тамихI кIудияб букIуна,
малъараб гьабуларевги хвалде уна.
11 ЖужахIги Жагьандаманги БетIергьанасул
берда цебе буго,
гIадамазул ракIелъ бугеб Гьесда дагьабги
лъикI бихьиларищха!
12 ЯхI-намус гьечIесе бокьуларо
живго кантIизавизе,
гIакъилазда аскIовеги унаро гьев.
13 РекIелъ рохел бугони,
гьумерги бохун букIуна,
рекIелъе рещтIараб ургъелалъ
ракI чIунтизабула.

14 ЦIодорасул рекIеца гIелму-лъай
тIалаб гьабула,
гIабдалзабазул кIалалъ кунеб жо
гIантлъи букIуна.
15 Мискин-пакъирасе киналго къоял
квешал рукIуна,
ракI бохун вугесе кидаго бертин букIуна.
16 БетIергьанасукьа хIинкъун щвараб
дагьаб лъикI,
гIемераб бечелъиги щун,
гьелъул хIинкъиялда гъоркь рукIиналдаса.
17 Рохалида кванараб чIахIил квен лъикI,
мачIадалъе хьихьараб оцол гьан ццин
къулчIун кванаялдаса.
18 Ццин хехас кьалул цIа рекIинабула,
сабру бугес дагIба-рагIи свинабула.
19 КIвахIаласул нух зазил цIун букIуна,
муъминчиясул нух цIан битIараб букIуна.
20 ЦIодорав васас эмен вохизавула,
гIантас эбел сан гьаюларо.
21 ГIабдал жиндирго гIантлъиялдаса
вохун вукIуна,
цIодорав чи битIараб нухдасан уна.
22 ГIакълу-насихIат гьечIони,
мурадалде щоларо,
гIакълу кьолел гIемерлъани, мурад тIубала.

23 Жиндирго кIалзул берцинаб жавабалъ
инсан вохизавула,
абизе кколелъуб абураб рагIул лъикIлъиха!
24 ЦIодорав чиясул нухалъ борхалъуде рачуна,
ахада бугеб жужахIалдаса гьев хвасарлъизе.
25 ЧIухIарав чиясул рукъ БетIергьанас
кIалагъоркье чIвазабула,
къоролалъул хурул гIурхъи-ссан Гьес
букIаралъубго чIезабула.
26 Квешасул ният-къасд БетIергьанасе
рихараб буго,
лъикIасул каламалдаса Гьев разилъула.
27 ХIарамаб боцIи-рикъзиялда хъантIарас
рукъ чIунтизабула,
ришват рихаравги чIаго хутIула.
28 Муъминчияс рагIи ургъун бицуна,
пасикъасул кIалалъ квешлъи лагIула.
29 Пасикъав чиясдаса рикIкIад вуго
БетIергьан,
муъминчиясул гьари-дугIа Гьесда рагIула.
30 РакI аваданго бугесул балагьиялъ
чи вохизавула,
лъикIаб ругьелалъ ракьа щулалъизабула.
31 ГIакъилзабазда гьоркьов ватула
гIумру-яшав лъикIлъулеб
насихIаталъухъ гIенеккулев чи.

32 Малъараб гIадахъ босулares жиндирго
гIумру инжит-хIакъир гъабула,
насихIаталъухъ гIенеккарасе
гIакълу щола.
33 Аллагьасукьа хIинкъи –
гIакъиллъи-цIодорлъи ккола,
хIурмат-къадруялъул цебехъан –
хIалимлъи-хIеренлъи буго.

## БЕТIЕР 16

1 РекIел пикру-хиял инсанасдасан буго,
кIалзул жаваб БетIергьанасдасан буго.
2 Инсанасда ракIалде ккола жиндир
ният-къасд бацIцIадаб бугилан,
БетIергьанас борцун-цIан буго щибаб
рухIалъул пикру-хиял.
3 Дурго ишал БетIергьанасде тIамун тани,
ракIалда бугебщинаб тIубала.
4 Цо мурад гьечIого щибниги бижичIо
БетIергьанас,
пасикъалгицин гьес рижун руго
балагьалъул къоялъ паналъизе.
5 ГIамал кIудиявщинав чи БетIергьанасе
рихарав вуго,
гьев тамихIалдаса ворчIунгутIиялда
ракIчIараб буго.

6 ГурхIел-рахIмуялъги божилъиялъги
мунагьал рахчула,
БетIергьанасукьа хIинкъиялъ
квешлъи нахъчIвала.
7 Инсанасул ишаздаса БетIергьан разилъун
вугони,
гьесул тушманзабазулгунцин рекъел
букIинабула Гьес.
8 ХIалалаб-бацIцIадаб дагьаб лъикI,
хIилла-рекIкIалдалъун щвараб гIемералдаса.
9 Инсанас тIаса бищула живго хьвадизе нух,
гьеб нухдасанги гьев БетIергьанас вачуна.
10 Аллагьасул кIалдисан кIалъала парччахI,
диван къотIулеб мехалъги гьесул мацIалца
мунагь гьабуларо.
11 РитIарал цIадирабиги
цIадирабазул суркIбиги
БетIергьанасдасан руго,
базарганасул таргьинир ругел гирабиги
Гьесдасан руго.
12 Квешлъи гьаби парччахIзабазе рихараб буго,
ритIухълъиялъин гьесул ханлъи
щулалъизабулеб!
13 Гьереси бицунареб кIал
парччахIзабазе бокьула,
битIараб бицунесул къиматги гьабула гьез.

14 ПарччахIасул ццин – хвалил чапар,
амма гIакъилав чиясда кIола гьев
гIодове виччазавизе.
15 ПарччахIасул гьумер роцIун бугони,
рагIияталъул хIал хьола,
гьев разилъи релълъуна
ихдалил цIадал накIкIалда.
16 ГIакъиллъи щвей – месед щвеялдаса лъикI,
гIакълу-насихIат щвейги лъикI –
бацIцIадаб гIарац щвеялдаса.
17 РацIцIадал гIадамазул нух –
квешлъиялдаса лъути;
жиндирго нух цIунарас рухIги цIунула.
18 Гьалаглъи-паналъиялъул цебехъан – чIухIи,
кIалагъоркье речIчIиялъул цебехъан –
гIамалкIодолъи.
19 Мискиназда гьоркьов сабруялда
вукIин лъикI,
чIухIаразулгун давла бикьулев вукIиналдаса.
20 БетIергьанасул рагIи гIадахъ босарасе
лъикIлъи насиблъула,
гьардарав гурищха Гьесде тIамун тарав.
21 БотIролъ гIакълу бугесда цIодоравилан абула,
гьуинаб кIал кIалъалесул
гIелму-лъайги цIикIкIуна.
22 ЦIодорасе малъа-хъвай – маулхIаят ккола,

гIабдалзабазе тамихI-жаза
жидерго гIантлъи буго.
23 ГIакъиласул рекIеда бараб буго гьесул
кIалалъ бицунебги,
гьесул кIалдисанин гIакълу-насихIатги
бачIунеб.
24 Гьуинаб калам найил гьоцIолъун рикIкIуна:
рекIее лазатги кьола гьелъ,
рукьбузе сахлъиги кьола.
25 Буго нух инсанасда битIарабилан кколеб,
амма ахиралда гьелъ хвалде рачуна.
26 Гьавудулев чи ракъиялъ хIалтIизавула,
гьесул чохьоца квалквадизе тIамулев
вугелъулха гьев.
27 ХIалихьатав-къадарав чияс
квешлъи ургъула,
гьесул мацIалдасан гьелегьараб цIа бурулеб
бугин ккола.
28 ТIекъав чияс дагIба-рагIи тIибитIизабула,
мацIихъанас гьудулзабиги цоцаздаса
ратIа гьарула.
29 Хъубаб къасд бугес живго гIадинав чи
къосинавула,
квешаб нухдасан ине гьесизавула гьев.
30 Берзул ишанал гьарун валагьула
макруялъе ургъулев чи,

рекІелъ квешлъи бугесги кІал кІичІизабула.
31 ХъахІаб рас ккола чІухІараб таж,
ритІухъго гІумру тІамурасдайин
гьеб баккулеб.
32 Сабру кІудияв чи
багьадурасдасаги лъикІавила,
жиндирго напс квегъизе кІолевги –
шагьар кверде босарасдаса лъикІавила.
33 Можоро квенчІелтІе рехула,
амма можороялъул тІолабго хІукму
БетІергьанас къотІула.

## БЕТІЕР 17

1 ХІалхьиялда кваназе бакъвараб
чадил мочІу лъикІ,
дагІба-рагІиялда кваназе бечедаб столалда
нахъа гІодорчІеялдаса.
2 ЛъугьинчІев васасдаса цІодорав лагъ
тІадегІанавила,
вацазда гьоркьоб бикьараб ирсалъул бутІаги
щолебила гьесие.
3 ГІарцул хІалбихьула цІадул гьелегьиналъ,
меседил хІалбихьула цІадул кутакалъ.
Инсанасул рекІел хІал БетІергьанас бихьула.
4 Квешав чи квешаб кІалалъухъ гІенеккула,
гьересичиясги гьерсилаб мацІ гІадахъ босула.

5 Мискинасда тІад велъанхъулев чи ккола
жив вижизавурасда гІайиб чІвалев чи,
чияде балагь бачІиналдаса вохулев чиги
тамихІалдаса ворчІуларо.
6 Херазе ботІрода лъезе таж – гьезул
лъималазул лъимал,
лъималазе чІухІи – жидерго эмен.
7 ГІабдаласул кІалдир тІадегІанал
рагІаби рекъоларо,
къо-асс бугесдаги гьерсилаб мацІ дагьабги
цІакъ рекъоларо.
8 Ришват кьолев чиясда ракІалде ккола
гьелда гьабизе кІолареб жо гьечІилан,
киве гьеб босун аниги, мурад тІубалебилан.
9 Чияр гІайиб-хатІаялда тІаса лъугьунев чияс
божа-рокьи цІикІкІинабула,
амма гьеб тІатинабулес гьудулзаби
цоцаздаса ратІа гьарула.
10 БадибчІваялъ гІакъиласе гьабулеб асар
цІикІкІараб букІуна,
нусго тІил кьабиялъ гІабдаласе
гьабулеб асаралдаса.
11 Квешав чи питна балагьулев вукІуна,
амма малакулмавт рещтІуневха гьесухъе.
12 ТІанчІи кодоса рахъараб цигун
дандчІвай лъикІ,

гIантлъиялъ квелъ барав гIабдал
дандчIваялдаса.
13 ЛъикIлъиялъухъ квешлъи гъабурасул рокъоса
квешлъи лъугIизе рес гьечIо.
14 ДагIба-рагIи ккезаби релълъуна
лъадада цебеса сангар биххизабиялда;
лъим гьулчун бачIиналде лъугIизабе кьал.
15 БетIергьанасе рихарал руго –
гIайиб ккарав ритIухъ гьавулевги
гIайиб гьечIесе тамихI гьабулевги.
16 ГIабдаласул хъатикь гIарац щибизе?
ГIакъиллъи бичун босизейищ?
Гьелъиегицин гIакълу гIоларо гьесул.
17 Гьудуласул рокьи лъикIалъулъги
квешалъулъги загьирлъула,
къварилъи тIаде бачIиндалги ратизейин
вацал рукIунел.
18 ГIакълу гьечIев чияс кьабун квер бачун
къотIи гьабула,
чияр налъи бецIилилан рагIи кьола.
19 ДагIба-рагIи бокьулев чи ккола
мунагь гьабизе бокьулев чи.
ЧIухIдаего каву борхат гьабулев чи ккола
жиндиего паналъи балагьулев чи.
20 РекIелъ хIилла-рекIкI бугесде
лъикIаб къо бачIунаро;

гьерсилаб мацI кIалдиб бугесде балагь
бачIинчIого хутIуларо.
21 ГIантав вас къавулъ вугони къварилъи
тIаса унаро,
гIакълу гьечIев васасги эмен вохизавуларо.
22 РакI аваданлъи – инсан сахлъулеб дару,
ракI бечIаялъ ракьа бакъвазабула.
23 Пасикъасе ришват лъороса бахъун кьола,
гьес мекъаб диван къотIизе гIоло.
24 ЦIодорав чи битIахъе гIакъиллъи бугелъуве
валагьун вукIуна,
гIабдаласул берал рахъ-рахъалде
ралагьун рукIуна.
25 ГIантав вас – инсул рекIее унти
ва жив гьавурай эбелалъул рекIее пашманлъи.
26 ГIайиб гьечIесе тамихI гьаби
квешаб жо буго,
гьединго квешаб буго
ракIбацIцIалъи сабаблъун саламатал
гIадамал цIалаца рухи.
27 ГIелму-лъай бугес рагIи ургъун бицуна,
цIодорав чиясги жиндаго квелъ бала.
28 ВуцIцIун чIолев гIабдалги
гIакъилавлъун рикIкIуна,
кIал данде бачун чIани,
цIодоравлъунги рикIкIуна.

## БЕТIЕР 18

1 БатIа кIанцIун чIарав чи – жиндиего пайда
балагъулев чи;
цогидазул пикру гьес гIадахъ босуларо.
2 БичIчIизе-лъазе гуро гIабдаласе бокьулеб,
гьесие бокьула рекIелъ бугеб пикру
загьир гьабизе.
3 Иман гьечIолъиялда хадуб
хIакъирлъи-къабихIлъиги букIуна,
инжитал ишазда хадуб рогьо-ничги букIуна.
4 Инсанасул кIалдир гIакъилал рагIаби
гъваридаб ралъадлъун рикIкIуна,
гIакъиллъиги – чвахун унеб лъимлъун
рикIкIуна.
5 Диван къотIулаго, гIайиб бугев бергьинавун,
гIайиб гьечIев къезави лъикIаб жо гуро.
6 ГIабдаласул мацIалца кьалде рачуна,
кIал сабаблъун гьесул гьодилъ тIилал щола.
7 ГIабдаласул кIалдиб мацI – гьев
паналъизавулеб жо,
гьесул кIутIбуздасан бачIарабги – гьев
жаниве вортулеб гвенд.
8 МацIихъанасул рагIаби –
гIенеккулесе бищунго гьуинаб квен,
лазаталда уна гьел гьесул ургьире.

9 ТӀаса-масаго мина балев чи ккола гьеб
щущазабулесул вац.
10 БетӀергьанасул цӀар – щулияб хъала;
муъминчи гьениве векерула,
гьесие щибниги хӀинкъи букӀунаро.
11 Бечедасул гӀемераб боцӀи-рикъзи –
гьесул щулияб хъала,
гьесда ракӀалде ккола жив цӀунулеб сангар
бугин гьебилан.
12 Паналъилалде цебе инсанасул
ракӀ кӀодолъула,
машгьурлъилалде цебе гьесул
хӀалимлъи-хӀеренлъи цӀикӀкӀуна.
13 Бицун бахъиналдего дандиясе жаваб кьолев
чи гӀабдаллъун рикӀкӀуна,
гӀантлъи сабаблъун хӀакъирлъиги
тӀаде бачӀуна гьесде.
14 Инсанасул рухӀ-жаналъ гьесул
унти къезабула,
амма ракӀбечӀай лъида хӀехьезе кӀолеб?
15 ЦӀодорав чиясул рекӀее гӀелму-лъай щола,
гӀакъиласул гӀиналъ гӀакълу
тӀалаб гьабула.
16 Сайигъатал кьолес жиндиего дуниял
гӀатӀид гьабула,
къо-асс бугезул даражаялде вахуна гьев.

17 Диван къотIулеб мехалъ цеве кIалъарав
витIарав вугилан ккола,
вачIун гьесул дандияс суалал кьезегIан.
18 Можоро тIамиялъ дагIба-кьал
лъугIизабула,
рекъеларилан чIаразда гьоркьоб
маслихIатги гьабула.
19 Гуккун вукIин лъарав вац бахъизе кIолареб
шагьаралда релълъуна,
дагIба-къецги релълъуна хъалаялъул
рахараб кавуялда.
20 Инсанасул кIалалъгийин чохьое
квен балагьулеб,
гьесул кIутIбуздасан рачIарал
рагIабазгийин гьесие
хинкI-чед щвезабулеб.
21 МацIалца чиги чIвала,
чIаголъизеги гьавула,
гIемерго кIалъалесда лъазе ккола гьеб.
22 Лъади щварасе – лъикIлъи щола,
БетIергьанасул баркатги щола.
23 Мискинчияс хIеренго-хIалимго гьарула,
амма бечедас жаваб хъачIго кьола.
24 Гьудулин абунщинав чи гьудул вукIунаро,
амма цо-цо гьудул вукIуна
вацасдасаги лъикIав.

## БЕТIЕР 19

1 ВацIцIадго хьвадулев мискинчи лъикI,
кIалдиб мацIги макирав
ва ботIролъ гIакълуги гьечIев чиясдаса.
2 ГIелму-лъаялъе жанибе нух щвечIеб
бетIерги лъикI гуро,
хIетI хех гьабуравги хъущтIичIого,
таричIого хутIуларо.
3 Инсанасул гIантлъиялъ гьесул иш
мекъса ккезабула,
амма гьесул рекIелъ БетIергьанасде
ццин бижула.
4 Бечелъиялъ гьудулзаби гIемер гьарула,
амма мискинчи цо вукIарав гьудуласгицин
рехун тола.
5 ГьересинугI тамихIалдаса ворчIуларо,
гьерсал гIемер рицунев чи хвасарлъуларо.
6 ГIемерисез гурхIел гьарула къо-асс бугел
гIадамазда цере чIун,
сайигъатал гьарзаясул гьудуллъун
кинавго чи лъугьуна.
7 Мискинчи гьесул вацазегицин рихуна,
гьудулги гьесдаса дагьавги цIакъ
рикIкIалъула.
Гьез кьун рукIарал, амма киданиги

тIуразе гьечIел рагIабазда хадув лъугьун
хутIула гьев.
8 Живго вокьулес гIакълу тIалаб гьабила,
гIакъилго-цIодорго хьвадарасе битI ккела.
9 Гьересиго нугIлъи гьабурав чи
тамихIалдаса ворчIуларо,
мекъаб-тIекъаб рагIи бицунев чиги паналъула.
10 ГIабдаласда гьарзалъи-бечелъи рекъоларо,
дагьабги цIакъ рекъоларо
къо-асс бугезда тIад лагъас ханлъи гьаби.
11 Инсанасул гIакълуялъ гьесулъ
сабру цIикIкIинабула,
гIайиб-хатIаялда тIаса лъугьиналъ
гьев машгьурлъизавула.
12 ПарччахIасул ццин бахъин релълъуна
гъалбацIалъул гIергIедиялда,
гьесул лъикIаб бербалагьиги релълъуна
харде ккараб щубалда.
13 ГIантав вас лъугьин – инсул талихI къосин,
лъадул дагIба-рагIи – нахъаса къотIичIого
гIекколеб тIох.
14 Мина-мулкги бечелъиги –
умумузуздасан щолеб ирс,
амма цIодорай лъади –
БетIергьанасдасан сайигъат.
15 КIвахIаллъиялъ макьилъ къазарула,

гьавудизе бокьуларесул чехь бакъун хутIула.
16 БетIергьанасул амруялда рекъон хьвадулес
жиндирго рухI цIунула,
Гьесул нух къабул гьабичIевги хола.
17 Мискинасе кьураб садакъа ккола
БетIергьанасухъе налъуе кьураб гIарац,
гьабураб лъикIлъи Гьес бецIичIого толаро.
18 КIудияв гIелалде гьабе васасе гIадлу, –
гIадада хвезе гурин гьев.
19 Щцин бахъунесе тамихI гьабизе ккола,
гьесда мун гурхIани, – квеш ккезе гурин.
20 Малъаралъухъ гIенекке,
насихIатги гIадахъ босе,
дудаго гIакълу щвезе.
21 Инсанасул рекIелъе гIемераб
пикру-хиял рещтIунеб,
амма БетIергьанас хъвараб гурони
лъугьунареб.
22 ГурхIел-рахIмуялъ инсанасул
ракI бохизабула,
гьерсал рициналдаса мискинлъиго лъикI.
23 БетIергьанасукьа хIинкъулес гIумру цIунула,
гIорцIунги вукIуна гьев,
квешлъиги хъатIуларо гьесда.
24 КIвахIалас квер суркIиде бегьула,
амма нахъбуссун кIалалде гIагар гьабуларо.

25 ЯхI-намус гьечIев чи вухе-кьабе –
жагьиласдаги гIакълу щола,
гIакълу бугесда малъе –
гьесие гIелму-лъай щола.
26 Инсул адаб гьабуларев
ва эбел къватIие гъолев вас
инжитлъула-къабихIлъула.
27 Малъа-хъваялъухъ гIенеккичIони,
гIелму-лъаялдаса рикIкIалъила, дир вас, мун.
28 ХIилла-рекIкI бугев нугI диван къотIиялда
тIад велъанхъула,
квешав чиясул кIал гьерсазул цIун букIуна.
29 ЯхI-намус гьечIесде тIаде бачIине къачIан
тамихI-жаза букIуна,
гIабдалзабазул мугъзалъ кьабизе къачIан
тIил букIуна.

## БЕТIЕР 20

1 Чагъир яхI-намус гьечIеб жо буго, чIагIа
гьалагаб жо буго.
Гьеб кIиялъго къосинавурасулги
гIакълу биххула.
2 ПарччахIасул ццидахин гъалбацIалъул
гIергIедиялда релълъуна;
гьесул ццин бахъинабулев чиясги
хвел тIаде цIала.

3 ДагIба-къецалдаса цIунун чIеялъ инсанасул
къадру борхула,
амма цониги гIабдаласда кIоларо жиндирго
квелъ къан вукIине.
4 КIвахIалас хур заманалда бекьуларо,
хур лъилъулъ гьев хIалухъен балагьизе
лъугьуна, амма батуларо.
5 Инсанасул рекIел ният-къасд –
гъваридаб ралъад,
цIодорав чиясда гьелъул тIину батула.
6 Жидеда божизе бегьулин ахIдолел гIадамал
гIемер рукIуна,
амма божизе бегьулев ватизе
лъихъаха бажарулеб?
7 Муъминчи хIалаллъиялда хьвадула,
гьардарал гурищ гьесдасан лъугьарал лъимал.
8 Диван къотIизе тахида тIад гIодов чIарав
парччахIас,
бер речIчIизабун, кинабго квешлъи
цIалкIица гIадин цIалкIула.
9 Лъидаха абизе кIолеб дица дирго ракI
бацIцIад цIунанилан,
дун мунагьалдаса вацIцIад вугилан.
10 БитIун цIаларел гирабиги
къокълъизабураб натIги
БетIергьанасе рихарал руго.

11 Лъимергицин лъала гIамалалъухъ балагьун,
гьесул ишал рацIцIадал ва ритIухъал
рукIиналъухъ балагьун.
12 РагIизе гIинги бихьизе берги БетIергьанас
бижараб буго.
13 Дуе макьу бокьуге –
мунго мискинлъулевин,
берал ричIун чIезаре –
хинкI-чед гьарзалъулебин.
14 Бичун босулес абула квешаб бугилан,
квешаб бугилан,
амма гьебги босун довегIан араб мехалъ
беццизе лъугьуна.
15 Меседги буго, маргъал-якъутги гIемер буго,
амма цIодораб кIал къанагIатаб жо буго.
16 Чияе гъоркье чIарав чиясухъа
ретIелги бахъе,
гьес рахъ ккуразе гIоло гьесухъа
гъоркьлъелалъе жоги босе.
17 ХIарамго щвараб чедги чиясе гьуинлъула,
амма хадуб гьесул кIал чабхил цIола.
18 ГIакълу дандбани, мурадалде щвела;
гIакълучагIигун ургъун гурони
рагъги гьабуге.
19 МацIихъанас божилъи хвезабула;
кIалгIемерилгун гIахьаллъиги гьабуге.

20 Эбел-инсуе нагIана кьолесул чирахъ
бищунго бецIаб бакIалда свина.
21 БачIинахъего хехго щвараб
боцIи-рикъзиялда
ахиралда баркат лъоларо.
22 «Дуца гьабураб квешлъи дица бецIила», –
ян абуге,
БетIергьанасде тIамун те,
Гьес кумек гьабила дуе.
23 БитIун цIаларел гираби БетIергьанасе
рихарал руго,
хIилла-рекIкI гьабурал цIадирабиги
рокьуларо Гьесие.
24 БетIергьанасул амру гьечIого гали
бахъуларо инсанас.
Кинха гьесда лъалеб жиндирго нухалъ гьев
киве вачуневали.
25 УргъичIого цо жо БетIергьанасе
назруги гьабун,
цинги дица гьабураб щибилан абиялъ
инсанасе къор гъола.
26 ГIакъилав парччахIас квешал гIадамал
цIалкIица гIадин цIалкIула,
цинги гьезда тIад лал тIамула.
27 БетIергьанас инсанасул рухI чирахъалъ
гIадин гвангъизабула,

гьесул рекIел тIиналда бугелъулги
хIалбихьула.
28 ГурхIел-рахIмуялъ ва божилъиялъ
цIунула парччахI,
лъикIлъиялъин гьесул тахги цIунулеб.
29 ГIолохъабазе машгьурлъи жидерго
къуват-жаналъ щвезабула,
хералги хъахIаб расалъ берцинлъизарула.
30 Вухи-кьабиялъ квешав чи лъикIлъизавула,
ругънацаги гьесул черх бацIцIад гьабула.

## БЕТIЕР 21

1 ПарччахIасул ракI БетIергьанасул
ихтиялалда буго.
Бокьаралъуре лъарал чвахизарулел гIадин,
Гьес парччахIги жиндие бокьухъе
хьвадизавула.
2 Щивав чиясда ккола жиндир нух
битIараб бугилан,
амма БетIергьанас борцуна гьесул рекIелъ
бугеб жо.
3 Къурбан хъвеялдаса хирияб буго
БетIергьанасда цебе
ритIухълъи цIуниги вацIцIадго хьвадиги.
4 Берзул чIухIиги рекIел пахрулъиги –
гьеле пасикъазул чирахъ, мунагьги ккола гьеб.

5 КIвахI гьечIесул пикрабаз-къасдаз
пайда-хайиралде рачуна,
хехдариялъ мискинлъиялде рачуна.
6 Гьересиялдалъун данде гьабураб хазина –
гьороца хъамун унеб хIухьел.
Гьединаб хазинаялъ хвел тIаде цIала.
7 Пасикъал гIадамал зулму-хIалалъ
паналъизарула,
битIараб нухдасан унарелъулха гьел.
8 ГIайиб бугесул нух кIичI-кIичIараб букIуна,
гIайиб гьечIесул ишал ритIарал рукIуна.
9 ТIохил рагIалда гIумру гьаби лъикI,
кIалквешай лъадуда цадахъ
цо рокъов чIеялдаса.
10 Пасикъасул рекIелъ квешал къасдал рукIуна,
мадугьаласдаги бихьиларо гьесдасан
гурхIел-рахIму.
11 ЯхI-намус гьечIесе тамихI гьабулеб бихьани,
жагьилчиги цIодорлъула.
ЦIодорасул малъа-хъваялъухъ гIенеккани,
гIелму-лъай щола.
12 Пасикъасул рокъоб кколебщинаб бихьулев
ритIухъав БетIергьанас гьев паналъизавула.
13 Мискинасул ахIи рагIичIого букIине
гIин бацулев чи
ахирги живго ахIдезе ккола,

амма лъицаниги гьесие жаваб гьабуларо.
14 Балъго къураб сайигъаталъ
ццин гIодоцинабула,
лъороб лъун бачIаралъ ццидал
цIа свинабула.
15 БитIараб диван къотIиялъ муъминзаби
рохизарула,
квешлъи гьабулесде хIинкъи рещтIинабула.
16 ГIакъиллъиялъул нухдаса тарарас
хIухьбахъи гьабула хваразул
агьлуялда гьоркьоб.
17 Кеп-ихтилат хирияв чи
язихълъиялде ккола,
чагъирги тIагIамаб квенги бокьулев чи
бечелъуларо.
18 Пасикъав чи муъминчиясе
аманатлъун вукIуна,
хиянатчиги ритIухъасе аманатлъун вукIуна.
19 ГIицIаб авлахъалда гIумру гьаби лъикI,
кIалквешай ва ццидалай лъадуда
аскIов чIеялдаса.
20 ГIакъиласул рокъоб гьарзаяб
нахърател букIуна,
гIабдалас рокъоб бугебщинабги
гьородахъ биччала.
21 РитIухъавлъун ва гурхIулевлъун вукIине

хIаракат бахъулев чиясул
бетIербахъи лъикIлъула,
къадру-къимат борхула.
22 ГIакъилас гьужум гьабун бахъула гучал
тушбабазул шагьар,
дозда щулиябин кколеб хъалаги
кIалагъоркье чIвазабула.
23 Жиндирго кIалги кIалдиб мацIги
цIунарав чияс
жиндирго рухIги балагьаздаса цIунула.
24 ГIамал кIудияв ва нич гьечIев
инсанасдайин абулеб
яхI-намус гьечIев чийилан,
хIаталдаса араб чIухIи-пахрулъи
букIунелъулха гьесул рекIелъ.
25 Анищилан ккарабщиналъин кIвахIалав чи
паналъизавулев,
квалквадиларилан чIолелъулха
гьесул кверал.
26 Бер хъантIарабщинаб щвелародайилан
анищазда вукIуна гьев тIубараб къоялъ,
муъминчи жиндиего щварабги
щибго барахщичIого кьезе къачIан вукIуна.
27 Пасикъазул къурбан – сурукъаб-къабихIаб жо,
хасго гьеб къурбан рекIелъ квешаб къасдгун
хъолеб бугони.

28 Гьересиго нугIлъи гьабулев чи паналъула,
нугIзабазухъ гIенеккун, къадияс къотIараб
хIукму нахъе хутIула.
29 Пасикъав чиясул гьурмада нич букIунаро,
ритIухъав чияс ургъун гурони
гали тIамуларо.
30 БетIергьанасдаса бергьунеб
гIакъиллъиги гьечIо,
цIодорлъиги гьечIо, ният-къасдги гьечIо.
31 Рагъде рачине чуял къачIала,
амма бергьенлъи БетIергьанасдасан
букIуна.

## БЕТIЕР 22

1 ЛъикIаб цIар-рецц кIудияб бечелъиялдаса
къиматаб букIуна,
гIадамал рази гьариги дуе
гIарац-меседалдасаги лъикI.
2 Бечедалги мискиналги релълъарал руго:
гьел киналго БетIергьанас рижарал руго.
3 ЦIодорав чиясе хIинкъи бугони,
гьев вахчун чIола,
амма жагьилав чи лъалхъичIого цеве уна
ва балагьалда дандчIвала.
4 ХIалимлъи-хIеренлъиялъги
БетIергьанасукьа хIинкъиялъги

дуе насиблъула бечелъиги,
хIурмат-хъатирги ва чIаголъиги.
5 Пасикъасул нухазда зазги букIуна,
гьесие гъураб къорги букIуна;
жиндирго рухI цIунизе бокьарав гьездаса
рикIкIад чIела.
6 ГIолохъанчи нухда витIун ккезавуни,
херлъараб мехалъги рехун толаро гьес гьеб.
7 Бечедас мискинзабазда тIад ханлъи гьабула,
налъулавги ккола гьесухъе налъуда гIарац
кьурасул лагълъун.
8 Квешлъи бекьулес балагь-гIазаб лъилъула,
гьесул ццидал цIалги бекун уна.
9 Сахаватав чиясда баркат лъола,
гьес мискиназе хинкI-чед кьолелъулха.
10 ЯхI-намус гьечIев чи аскIоса вачахъе –
питна-рагIиги рикIкIалъила,
дагIба-къецги лъугIила.
11 ПарччахIасгицин гьудуллъи ккола
ракIбацIцIалъи бокьулев ва кIалзул калам
гьуинав чиясулгун.
12 ГIелму-лъай бугезул тIалаб гьабула
БетIергьанас,
божизе бегьуларезул гьерсал къватIир
чIвазарула Гьес.
13 КIвахIалас абула доба къватIиб гъалбацI бугин,

яги къотӀнов жив чӀвалин.
14 Чияр лъадул кӀалги мацӀги –
гъваридаб кӀкӀалила,
БетӀергьанасул ццин бахъарав
гьениве вортулевила.
15 ГӀолохъанчиясул рекӀелъе
гӀантлъи лъугьун буго,
гӀакълу-насихӀаталъул хьопоца бачахъила гьеб.
16 БоцӀи-рикъзи цӀикӀкӀине бокьун,
мискинасда зулму гьабулев,
яги бечедасе сайигъатал кьолев чи
мискинлъула.

### *Лъеберго кицц*

17 ГӀин гъоркье ккун гӀенекке мун
гӀакъилазул рагӀабазухъ,
дица малъулеб бугелдехун ракӀги буссинабе.
18 Гьел рекӀелъ цӀунарав разилъила,
хӀажалъани – кӀалалдеги рачӀина гьел.
19 БетӀергьанасде дур мугъчӀвай букӀине,
жакъаги кьолеб буго дица дуе гӀакълу.
20 Дуе гӀакълу-насихӀаталъе
лъеберго кицц хъван букӀинчӀищ дица.
21 Дурго хӀакимасе гӀакъилаб ва битӀараб
жаваб кьезе
духъа бажарулел киццаби рукӀана гьел.

*Кици 1*

22 Мискинав вугилан мискинчи тала гьавуге,
кавудухъе вачIарав гьардухъанги
къварид гьавуге.
23 БетIергьанас гьезул рахъ кколелъулха,
гьезухъа жо бахъаразул рухIалги
Гьеслъидал рахъулел.

*Кици 2*

24 Ццин бахъунесулгун гьудуллъиги ккоге,
манзил къокъасулгун
гьоркьоблъиги гьабуге.
25 Гьесул гIамалги босун,
дуего къор гьезе гурин.

*Кици 3*

26 Кьабун квер бачун къотIи гьабулел
ва къарзалъе гьоркье чIолел чагIазда
релълъунги хьвадуге.
27 Налъи бецIизе дур рес гьечIони,
дуда гьоркьа бусенгицин бахъила.

*Кици 4*

28 Умумуца чIезабураб гIорхъи-ссан
хисизабуге.

*Кици 5*

29 Жиндирго махщел лъикI лъалев чи
вихьулищ дуда?
ЧIегIерхалкъалъе гуребха гьес хъулухъ
гьабулеб – парччахIзабазейин.

## БЕТIЕР 23

*Кици 6*

1 Ханасда цадахъ кваналеб мехалъ,
дуца лъикIаб хIалалъ хал гьабе дуда цебе
щиб лъун бугебали.
2 Чехь квешав чи мун ватани,
дурго мукъулукъалда нус цвизабе.
3 Гьесул тIотIода ругел тIагIамал
нигIматазде хьулхьудуге,
мун гуккулеб квенин гьеб.

*Кици 7*

4 Бечелъизейиланги чIвачIвадуге мун,
гIорхъулъа ворчIичIого чIезе
гIакълу гIезе кколебин.
5 Дур бер чIварабго, бечелъи
цебеса тIагIуна –
куркьбал рижизарула гьелъ жиндаго
ва цIумлъун зодихъе боржун уна.

*Кици 8*

6 Бер хъантIарав чиясул чед кванаге,
гьесул нигIматаздеги хьулхьудуге.
7 Жиндаго тIаса унеб харжалъул
пикрабаздайин кидаго гьев вукIунев.
Кванайилан, гьекъейилан абула,
амма гьесул ракI дудаса
рикIкIад букIуна.
8 Кванараб чадил мочIуги
лагIун къватIибе бачIина,
гьесие рицарал дурго хIеренал рагIабиги
гIадада ккела.

*Кици 9*

9 ГIабдалгун гаргадуге, –
дур гIакъилал рагIаби
гьес инжит-хIакъир гьарила.

*Кици 10*

10 Цебего чIезабун батараб гIорхъи-ссан
хисизабуге,
бесдалазул хурзабахъеги лъугьунге.
11 Гьезул рахъ кколевав
къудратав вугевин,
дуда данде диваналъеги вахъуневин Гьев.

*Кици 11*

12 ГІакълу-насихІаталде ракІ гІедегІизабе,
гІакъилал рагІабазде гІундулги
гІедегІизаре.

*Кици 12*

13 Васасе гІадлу гьабичІого тоге,
дуца хьопоца вухунилан гьев холаревин.
14 Дуца гьев хьопоца вухила, –
гьесул рухІги жужахІалдаса хвасарлъила.

*Кици 13*

15 Я дир вас! Дур ботІролъе
гІакълу-цІодорлъи лъугьани,
дир рекІелъе рохелги лъугьина.
16 Дур кІалалъ битІараб бицунеб мехалъ,
дир нусабго логолъ рохел цІикІкІина.

*Кици 14*

17 Мунагьал гьарулезда дур
ракІ бахиллъуге;
кидаго БетІергьанасукьа хІинкъун вукІине
хІаракат бахъе.
18 Цо къо бачІунеблъи хІакъаб бугелъул,
гьелде бугеб дур хьул гІадада хвеларо.

*Кици 15*

19 Дихъ гIенекке, дир вас, цIодорго хьваде,
дурго рекIее бокьун, битIараб нухги
тIаса бище.

20 МехтизегIан чагъир гьекъолезда
гьоркьовги вукIунге,
гьанаца чехь цIезабулезда цадахъги вукIунге.
21 Гьекъолдухъанги чохьохъанги
мискинлъула,
макьу хиралъиялъги дуда тIад
тIутIу-хъухъураб ретIел ретIуна.

*Кици 16*

22 Дурго инсухъ гIенекке:
гьесдасан лъугьарав васин мун,
херлъараб мехалъ эбелги рехун тоге.
23 Божилъи дуца бичун босе,
гIакъиллъиги, гIелму-лъайги,
гIакълу-насихIатги бичизе лъугьунге мун.
24 Муъминчияс эмен цIакъ вохизавула,
цIодорав вас лъугьаравги гьесдаса
разилъун вукIуна.
25 Эбел-эмен рохаги дудаса,
мун гьавуралги разилъаги.

*Кици 17*

26 Дуца дурго ракI дидехун буссинабе, дир вас,
дица бихьизабураб нухде ралагьун
хутIагийин дур берал.
27 Дуда лъай:
хъахIба ккола гъваридаб гвенд,
чияр лъадиги ккола къваридаб гъуй.
28 Гьелъ, хъачагъас гIадин, гъоркьчIел гьабула
ва гIадамазда гъорлъ мунапикъалги
цIикIкIинарула.

*Кици 18*

29 Огь-агьилан щив зигардулев?
Пайда щибхайилан лъица абулеб?
ДагIба-рагIи лъил букIунеб?
ГIодун магIу лъица тIолеб?
ГIададаго ругънал лъун лъида рукIунел?
Берал багIарлъун лъил рукIунел?
30 Гьеб букIуна къаси сордо кватIизегIан
гIодор чIун чагъир гьекъолезул,
цIияб чагъир кинаб бугебали
хал гьабизе рачIаразул.
31 Чагъир дуда берцин бихьуге,
гьеб багIараб букIаниги,
лълъаралъуб гьеб кенчIелеб букIаниги

ва бигьаго гьекъон унеб букIаниги.
32 Хадуб гьелъ борхьица гIадин хIанчIула,
чIегIераб борхьица гIадин
загьруги лагIула гьелъ.
33 Дур бераздa цере тамашаял
церетIамиял лъугьуна,
ботIролъеги рикьа-риххарал пикраби рачIуна.
34 Мун вукIина ралъдал бакьулъ,
гамил рулалда тIад кьижарав гIадин.
35 «Дун вухун вуго – унти лъалеб гьечIо,
дида кьабун буго – ругъун лъураб бакI
лъалеб гьечIо.
Вигьаравго гьекъезе жо кисадай дие щвелеб?»

## БЕТIЕР 24

*Кици 19*

1 Квешал гIадамазда бахиллъуге,
гьезулгун гьудуллъиги гьабуге.
2 Гьезул рекIелъ зулму гурони гьечIебин,
гьезул кIалалъги чияе квешлъи гьабиялъул
гурони бицунаребин.

*Кици 20*

3 ГIакъиллъиялъ рукъ бала,
цIодорлъиялъги гьелъие кьучI лъола.

4 ГIелму-лъаялъ гьеб батIи-батIияб
къиматабщиналъулги
къанагIатабщиналъулги цIезабула.

*Кици 21*

5 ГIакъилав чи къуватав вукIуна,
гIелму-лъай бугесул гуч цIикIкIуна.
6 Рагъде вахъине ккани, гIакъилазухъ
гIенеккизе ккола,
гIакълучагIи цIикIкIанагIан
бергьенлъиги хIакълъула.

*Кици 22*

7 ГIакъиллъиялде гIабдаласул квер гIунтIуларо,
годекIаниб бицине хабарги гьесул букIунаро.

*Кици 23*

8 Квешлъи гьабизе ракIалде ккарав чиясда
питна бекьулев чийилан абула.
9 ГIантлъиялъ бижизабураб пикруялъ
мунагьалде цIала,
яхI-намус гьечIев чи гIадамазе сурула.

*Кици 24*

10 КIудияб къварилъи-балагь бачIараб къоялъ
чучулев вугони,

цIакъ мукъсанаб гурони къуват
букIун гьечIо дулъ.

*Кици 25*

11 ЧIвазе рачун унел гIадамал хвасар гьаре,
чIвазе къотIаралги хвалдаса рорчIизаре.
12 Гьеб нижеда лъалеб букIинчIилан
дуца абуниги,
дур РекIел хIал бихьулесда лъаларебищ гьеб,
дур РухI цIунулесда бихьуларебищ?
Щивасул ишазда рекъон гурищ
Гьес диван къотIизе бугеб?

*Кици 26*

13 Дуца, дир вас, гьоцIо кванай, –
найил гьацIуца щекъер-мукъулукъ
гьуинлъизабула.
14 Гьелдаго релълъуна дур напсалъе гIакъиллъи.
Дуе гьеб щвани, метерисеб къоялде хьул
насиблъила дуе,
гьеб дур хьулги гIадада хвеларо.

*Кици 27*

15 Хъачагъ гIадин, муъминчиясул къавулъе
цIогьохъего унге мун,
рахIаталда гьев вугеб бакIги дуца щущазабуге.

16 Анкьго нухалъ гIодов кканиги,
муъминчи тIаде вахъуна,
пасикъазде балагь бачIуна.

*Кици 28*

17 Дурго тушман гIодов ккани, мун вохуге,
гьесул хIетIе хъущтIани, гьелдасаги дур
ракI разилъуге.
18 Цинги БетIергьанасда гьеб бихьула, Гьесие
рекIее гIоларо
ва дур тушманасде Гьесул букIараб ццинги
гIодобе буссуна.

*Кици 29*

19 Квешлъи гьабулезухъ балагьун ццин бахъунге,
хIакъирлъи рекIелъ бугездаги бахиллъуге.
20 Квешасе метерисеб къоялде
хьул насиблъуларо,
пасикъазул чирахъ сун уна.

*Кици 30*

21 БетIергьанасукьа хIинкъа, дир вас,
парччахIасукьаги хIинкъа,
питначагIазулгун хурхенги гьабуге.
22 РакIалдаго гьечIогойин питначагIазде
паналъи щолеб,

тохлъукьегойин гьезде БетIергьанасги
парччахIасги балагь рещтIинабулеб.

### *ГIакъилазул цогиги гIакълаби*

23 Гьале гIакъилазул цогиги гIакълаби:
диван къотIулеб мехалъ гьурмахъ балагьун
хIукму гьаби лъикIаб жо гуро.
24 ГIайиб бугесда мун витIарав вугилан абулесе
халкъаз нагIана кьола,
къавмазги абула гьесие нагIана батагийилан.
25 ГIайиб ккарасе битIун хIукму къотIулесул
иш лъикI букIуна,
лъикIго баркатги лъола гьесда.
26 БитIараб бицун кьолеб жаваб –
кIалалда гьабулеб убач.
27 КъватIиб хIалтIиги лъугIизабун,
хурги бекьун хадуб тIаме минаялъе кьучI.
28 Мадугьаласе гьересиго нугIлъи гьабуге,
дурго рагIабаз гIадамал гуккуге.
29 Гъос дие гьабураб дица гъосиеги гьабилилан,
гъос гьабуралъухъ къисас босилилан абуге.
30 Дун унев вукIана кIвахIалав чиясул
хурда аскIосан
ва гIакълу гьечIев чиясул
цIолбол ахида аскIосан.

31 Гьале гьениб мичIчIил рохь лъугьун буго,
киса-кибего чIахIица бацун буго,
сверун къараб ганчIил къедги биххун буго.
32 Гьезухъ валагьун – рекIее асар лъугьана,
хал гьабидал – дие гьеб дарслъун лъугьана.
33 Цодагьалъги кьижила,
цодагьалъги бер данде бачина,
тIатIала квералги лъун цодагьалъги
вегун чIела мун.
34 Гьебмехалъ, хъачагъ гIадин,
бачIина духъе мискинлъи,
талавурчи гIадин,
бачIина духъе ресукълъиги.

## БЕТIЕР 25

### *Сулайман парччахIасул гIакъилал рагIаби*

1 Гьале Сулайманил цогиги гIакъилал рагIаби,
Ягьудиялъул парччахI ХIизкъиял
гIадамаз хъварал:

2 Нилъеца Аллагьасе рецц гьабула,
Гьес балъгоябги бахчун бугелъул,
парччахIзабазе рецц гьабула,
гьез балъгоябги тIатинабулелъул.

3 Зобалазул борхалъиги,
ракьалъул гъварилъиги,
парччахIзабазда ракIалда бугебги
лъазе кIоларо.
4 БацIцIадаб гIарацалдаса хъублъи
батIа гьабуни,
устарас гьелъул сурахIи лъугьинабула.
5 Квешав гIакълучи парччахIасдаса
рикIкIад гьавуни,
ритIухълъи бергьуна ва гьесул тах щулалъула.
6 ПарччахIасда цебе дурго
кIодолъи бихьизабуге,
чIахIиял чагIи чIолеб бакIалдаги чIоге.
7 Гьаниве тIаде вачIайилан гьес аби лъикI дуе,
дудаса къо-асс бугел гIадамал
гIодор чIезе риччайилан,
гьес инжит-хIакъир гьавизегIан.
8 Питна гьабизе гIедегIуге,
дурго дандияс намуслъизавуни,
щиб дуца гьабилеб?
9 Мадугьаласулгун дагIба ккедал,
балъголъи къватIибе загьир гьабуге;
10 духъ гIенеккарас мунго
инжит-хIакъир гьавулевин,
лъикIаб цIарги духъе тIокIаб
тIад буссунаребин.

11 ГIужилаб рагIи релълъуна гIарцул
тIагIелалда нагIлиялъе лъураб
меседил гороялда.
12 ГIакъиласул насихIаталъухъ гIенеккулесе
гьесул гIакълу релълъуна
меседил баргъичалда
ва бацIцIадаб меседил рахасалда.
13 Хур лъилъулеб къоялъ гIаздалаб
гьогьеналда релълъуна
жив цо ишалъ витIаразе божарав чапар.
Жиндирго бетIергьанасул
ракI бохизабула гьес.
14 НакIкIал рачIана, гьури пуна,
амма цIад бачIо –
гьелда релълъуна кьезе ракIалда гьечIел
сайигъатал кьелилан гаргадулев чи.
15 Сабруяб каламалъ хIакимгицин
хIеккинавулев,
бахьинаб кIалалъ ракьаги бекулеб.
16 Дуе гьоцIо щвани, гIурабгIан кванай гьеб,
гурони – мун гьелъ гIуризавила,
лагIизавила.
17 Мадугьаласухъе гIемерго хьвадиялдаса
хIетI цIуне дуца,
гурони – мун гIемерав вачIун «гIорцIила»
гьев ва мунги рихина.

18 ГIарчIтIилги, хвалченги ва бегIераб чIорги –
гьезда релълъуна мадугьаласда данде
гьересиго нугIлъи гьабулев чи.
19 Унтараб гIусги бекараб бохги –
гьезда релълъуна къварилъи ккараб къоялъ
ватуларев чиясда божи.
20 Квачараб къоялъ чиядаса
ретIел бахъулев чиясда
ва содаялда гьоркьобе тIураб
къанцIаялда релълъуна
ракI къваридго вугесе кечI ахIулев чи.
21 Дур тушман вакъун вугони,
чед кьун кваназаве,
гьев къечон вугони,
лъим кьун гьекъезаве.
22 Гьелдалъун гьесул бетIералда тIаде
цIа рекIарал тIорччол гIеркъалин дуца
ралел ругел.
Ва БетIергьанас дуе гьелъул кири хъвала.
23 Шималалдасан пулеб гьороца
цIад босун бачIуна,
мацIихъанасул мацIалъ гIадамазул
гьурмал кьерхинарула.
24 ТIохил рагIалда гIумру гьаби лъикI,
кIалквешай лъадуда цадахъ
цо рокъов чIеялдаса.

25 Къечалъ бухIулеб бугеб
щекъер-мукъулукъалъе
цIорораб лъим гIадаб жо буго
рикIкIадасан бачIунеб лъикIаб ругьел.
26 Хъублъараб иццалда, чIунтараб
къулгIаялда релълъуна
пасикъав чиясда цебе яхI рехарав
муъминчи.
27 ГIемераб гьоцIо кванайги
лъикIаб жо гуро,
гIемераб рецц-бакъ тIалаб гьабиги
цIакъаб жо гуро.
28 Сверун къарал сангарал риххизарураб
шагьаралда релълъуна
жиндирго напсалда кверщел гьабизе
кIоларев чи.

## БЕТIЕР 26

1 Риидал бараб гIазуялда
ва хур лъилъулеб къоялъ бараб цIадалда
релълъуна
гIабдаласул къадру-къимат гьаби.
2 ХIинчI пархун уна, къадако боржун уна, –
гIайиб-хатIа гьечIев чиясе кьураб
нагIанаги, гьесда тIад чIоларо.
3 Чое – цIал, хIамие – чангит,

гIабдаласул гьодие – гьеб бухизе хьоп.
4 ГIабдаласе гьесул гIантлъиялда рекъараб
жаваб гьабуге,
мунгоги гьесда релълъине гурин.
5 ГIабдаласе гьесул гIантлъиялда рекъараб
жаваб гьабе,
гурони – гьесда ракIалде ккола живги
цIодорав чи вугилан.
6 ГIабдаласухъ ругьел битIарав чи
релълъуна
жиндирго хIатIал къотIарав ва балагь тIаде
босарав чиясда.
7 Бох бекарав чи рекълъичIого хутIуларо,
гIабдаласул кIалдиб гIакъилаб кициги
рекъон кколаро.
8 РечIчIулеб чIор бутIалда бухьунев чиясда
релълъуна
гIабдаласул хIурмат гьабулев чи.
9 Мехтарасул хъатикь бугеб зазил тIилалда
релълъуна
гIабдаласул кIалдиб гIакъилаб кици.
10 Цебе ккаралъубе чIор речIчIулев чиясда
релълъуна
цеве ккарав гIабдал хIалтIизе вачунев чи.
11 Жинцаго лагIараб жо кваназе гьве
тIадбуссунеб гIадин,

гIабдалги жиндирго гIантлъиялде
тIадвуссуна.
12 Живго жиндаго гIакъилав-цIодоравилан
кколев чи вихьанищ дуда?
Гьесиеялдаса лъикI букIина гIабдаласе.
13 КIвахIалас абула къватIиб гъалбацI бугилан,
къотIноб гIасияб жанавар бугилан.
14 НуцIа некьалда тIад сверула,
кIвахIалав чи бусада тIад сверула.
15 КIвахIалас квер суркIиде бегьула,
кIалалда аскIобе гьеб босизе захIмалъула.
16 КIвахIаласда ракIалде ккола
гIакълу кьезе лъалев анкьго чиясдасаги
цIодорав вугин живилан.
17 Чияр дагIба-рагIиялде гьоркьове
лъугьунев чи релълъуна
аскIосан бекерун унеб гьойдул
кIиябго гIин кколев чиясда.
18 ГIадамазде цIаги хвалил чIоралги рехулев
гIабдаласда релълъуна
19 мадугьал гуккулев
ва цинги гьеб махсара букIанилан абулев чи.
20 ЦIул гьечIони цIа суна,
гьоркьоб мацI гьечIони,
дагIба-рагIи лъугIула.
21 ЦIул – цIа рекIинабизе,

тIурччи – цIа гьелегьинабизе,
кIалквешав чи – дагIба-рагIи ккезабизе.
22 МацIихъанасул рагIаби – гIенеккулесе
бищунго гьуинаб квен,
лазаталда уна гьел гьесул ургьире.
23 ГIарац тIаде биччараб щагIил хъабаялда
релълъуна кIал бахьинав,
махьа чIегIерав чи.
24 ХIалихьатас жиндирго квешлъи
кIалзуца бахчула,
квешлъи жаниб хIебтIараб ракIги
букIуна гьесул.
25 Гьесул каламалъ хIайранлъизавуниги,
гьесда божуге.
Анкьго къабихIлъи-къадарлъиййин
гьесул рекIелъ букIунеб.
26 Бадибе реццалъ ццин бахчун бугониги,
гьесул рекIелъ бугеб квешлъи
жамагIаталда цебе тIатинчIого хутIуларо.
27 Чияе гвенд бухъани, живго жаниве ккола,
гьорчо эхеде гирани, гирун бачIун,
жиндаго щола.
28 Гьерсилаб мацIалъе рокьуларо
жиндалъун зарал кколел гIадамал.
Бадибе рецц гьабулеб кIалалъ инсан
гъоркье рехула.

## БЕТIЕР 27

1 Метерисеб къоялъул бицун веццаруге,
метер къо кинаб бачIинебали лъаларин.
2 Мунго дуцаго веццуге –
цогидас веццизе виччай,
дурго кIалалъ гуреб, чияр кIалалъ
веццеян абе.
3 ГамачI бакIаб жо буго, салиги баччизе
захIмалъула,
амма гIабдаласдасан балагь –
бищунго бакIаб гьир.
4 Ццин – гьалагаб жо, гьалаглъиги –
щвараб гIор гIадаб жо,
амма щакдариялда данде чIезе кIолев чи
щив вукIунев?
5 Рагьун гIайиб чIвай лъикI,
къватIибе загьирлъулареб рокьиялдаса.
6 Гьудуласдасан ругъун щваниги,
божилъи холаро,
тушманас убачал гьаруниги,
гьесда божизе бегьуларо.
7 ГIорцIарав чиясе найил гьоцIоги рихуна,
вакъарасе кьогIабщинабги гьуинлъула.
8 Бусен рехун тун унеб хIанчIида релълъуна
жиндирго рукъ рехун тун унев чи.

9 МахIберцинал хурдуцаги
махIгьуинаб нахуцаги
ракI авадан гьабула,
гьудуласул гьуинлъи –
гьес кьураб гIакълуялъулъ загьирлъула.
10 Дурго гьудулги ва инсул гьудулги
рехун тоге,
дуде къварилъи бачIараб къоялъ вацасул
къавулъе унге:
рикIкIада вугев вацасдаса гIагарда вугев
мадугьал лъикI.
11 Я дир вас, гIакъилавлъун вукIа мун
ва дир ракI бохизабе.
Дун гIодовегIанлъизавулезе жаваб кьезе
кIолебин дида гьебмехалъ.
12 ЦIодорав чиясе хIинкъи бугони,
гьев вахчун чIола,
амма жагьилав чи лъалхъичIого цеве уна
ва балагьалда дандчIвала.
13 Чияе гьоркье чIарав чиясухъа
ретIелги бахъе,
гьес рахъ ккуразе гIоло гьесухъа
гьоркьлъелалъе жоги босе.
14 Радал хехго вахъун, мадугьаласул рахIат
хвезабун, баркат лъегиян ахIдей
рикIкIуна досие нагIана кьейлъун.

15 КӀалквешай лъади релълъуна
цӀадал къоялъ нахъаса къотӀичӀого
гӀекколеб тӀохалда.
16 Гьей лъади чӀезайизе лъугьарав чи
релълъуна
гьури чӀезабизе
яги лъамияб нах кодобе босизе
лъугьарав чиясда.
17 Махх маххуца бегӀер гьабула,
инсанги инсанас бегӀер гьавула.
18 Инжиралъул гъотӀое хъулухъ гьабулес
гьелда тӀаса пихъ кванала,
жиндирго бетӀергьанасе хъулухъалъе
чӀарав лагъасулги
хӀурмат гьабула.
19 Лъим – инсанасул гьумер жанисан
бихьулеб матӀу,
ракӀги – инсанасул гӀамал-хасияталъул
матӀу.
20 ЖужахӀги Жагьандаманги гӀорцӀи-цӀей
гьечӀел жал руго,
инсанасул берги гӀорцӀуларо.
21 ГӀарцул хӀалбихьула цӀадул гьелегьиналъ,
меседил хӀалбихьула цӀадул кутакалъ,
инсанасул хӀалбихьула
гьесие гьабулеб цӀар-реццалъ.

22 Ражихоялъуве рехун ханица чухIаниги,
гьоцIиве вачун тIад лал тIамуниги,
гIабдаласдаса гIантлъи батIалъуларо.
23 Дурго чахъабазе хъулухъ лъикI гьабе,
дурго рехъабазул тIалабги гьабе.
24 Бечелъи абадиялъе хутIулеб жо гурин,
парччахIлъиялъул тажги
киналго наслабазе ирсалъе
щолеб жо гурин.
25 МихIи баккила, гIурччинхер бижила,
мугIрузул хер бецун нахъе лъела дуца.
26 Чахъабаз ратIлие квас кьела,
дугIби ричун, хурзал росила.
27 ЦIцIаназул рахьги гIела дуе квание,
рукъалъул агьлуялъе кваниеги ва
гъаравашал хьихьизеги.

## БЕТIЕР 28

1 Хадув лъугьунев чи гьечIониги, пасикъав
чи лъутун унев вуго,
муъминчиясе гъалбацIалъегIанги
хIинкъи гьечIо.
2 Улкаялда мунагь гIемерлъани,
хIакимзабиги гIемерлъула,
амма гIакъилав-цIодорав чияс
гIадлу-низам букIинабула.

3 Язихъазе зулму гьабулев мискинчи
релълъуна
хуриб бугебщинаб чучазабулеб
ва хIалухъен бижизе биччалареб
чвахунцIадалда.
4 Къанун рехун толес пасикъав чи веццула,
Къануналда рекъон хьвадулев чи
пасикъасда данде къеркьола.
5 Квешал гIадамазда лъаларо
щиб битIараб бугебали,
жидеца БетIергьан валагьулезда
кинабго бичIчIула.
6 ВацIцIадго хьвадулев мискинчи лъикI,
мекъаб-тIекъаб нухдасан хьвадулев
бечедав чиясдаса.
7 ЦIодорав вас Къануналъ малъухъе
хьвадула,
чехьквешазул гьудулас инсуе
рогьо-нич гьабула.
8 Налъуда кьуралдаги тIаде гIарац бахъулев
рибачияс данде бакIарула
ахирги мискинзабазда гурхIулев чиясе
щвезе бугеб бечелъи.
9 Къануналъухъ гIенеккиларилан гIин
добехун буссинабулев чиясул
гьари-дугIаги

БетIергьанасда цебе сурукъаб-къабихIаб
жо буго.
10 Муъминчи квешлъиялъул нухде
вуссинавурав чи
жинцаго бухъараб гвандиниве ккола,
амма ракIбацIцIадав чиясе
лъикIлъи насиблъула.
11 Бечедав чиясда ккола
жив гIакъилавилан,
цIодорав мискинчиясдани гьесда
гьоркьосан канлъи бихьула.
12 Муъминзабазе бергьенлъи щведал, кIудияб
рохел тIаде рещтIуна,
амма пасикъал тIаде ккедал, гIадамаз
рахчизе бакI балагьула.
13 Жиндирго мунагь бахчулесе талихI кьоларо,
мунагьазда мукIурлъун, квешлъи тарасда
баркат лъола.
14 Гьардарав гурищ кидаго БетIергьанасукьа
хIинкъун вугев чи,
жиндирго ракI бицалъизе биччарасде
балагь бачIуна.
15 ГIергIедулеб гъалбацIалдаги хъантIараб
циялдаги релълъуна
загIипаб халкъалда тIад тарав
пасикъав хIаким.

16 ГIакълу гьечIев хIаким
кIудияв зулмучи ккола,
хIарамаб боцIи-рикъзи рихарасул
гIумру халалъула.
17 Чи чIвай сабаблъун
валагьулев вугев бидулав
хабал мицIиралде щвезегIан векерула,
лъихъениги кквезе щунгутIизе.
18 РакIбацIцIадго хьвадарасе
хIинкъи букIунаро,
мекъал-тIекъал нухаздасан
хьвадулев чи
ракIалдаго гьечIого гIодов ккола.
19 Хур бекьулев чи чадица гIорцIула,
гIададисел анищазул хур бекьарасе
тIубанго мискинлъи щола.
20 РитIухъав чиясда баркат лъола,
бечелъиги щола,
бечелъизе гIедегIаравги тамихI-жаза
гьечIого хутIуларо.
21 Гьурмахъ балагьун диван къотIи
лъикIаб жо гуро,
чадил мочIу сабаблъунги чи
мунагь-хIакъалда гъоркье ккола.
22 Барахщарав чи бечелъиялъухъ
хъантIун вукIуна,

ва гьесда лъаларо жинда тIаде мискинлъи
бачIине букIин.
23 Бадибе рецц гьабун гаргадарасдаса ахирги
цIикIкIун рекIее гIола инсанасе,
жив кантIизе гIоло, какун кIалъарав чи.
24 Жиндирго эбел-эмен тала гьарулев ва
гьелъул мунагь букIунарин
абулев чи ккола
гьалаглъи-пасалъи гьабулесул гьалмагъ.
25 ХъантIиялъ дагIба-рагIи ккезабула,
БетIергьанасде тIамун тарасда
баркат лъола.
26 Жиндаго ракIалде ккараб гьабулев чи
гIабдал вуго,
гIакълуялда рекъон хьвадарав
хвасарлъула.
27 Мискинасе кьолев чи
гьечIолъигун хутIуларо,
кьезе бокьичIого, берал къанщарасе щолеб
нагIана гIемерлъула.
28 Пасикъал тIаде ккедал, гIадамаз рахчизе
бакI балагьула,
пасикъал паналъараб мехалъ, муъминзаби
тIадегIанлъула.

## БЕТIЕР 29

1 КигIан гIемер кантIизавуниги,
тIирун чIун, габур кьуризабуларев чи
тохлъукьего гьалаглъила,
гьесие кумек щвеларо.
2 Муъминзаби тIадегIанлъараб мехалъ,
халкъ бохула,
пасикъаз ханлъи гьабулеб мехалъ,
халкъ зигардула.
3 ГIакъиллъи бокьулев васас эмен
вохизавула,
хъахIбабазул гьудулас инсул бечелъи
пасат гьабула.
4 РитIухъаб диван къотIулев парччахIас
улка щулалъизабула,
халкъалда тIад лъураб
магъало цIикIкIинабулес
улка чIунтизабула.
5 Мадугьаласе бадибе рецц гьабулев
чи ккола
досул хIатIазда цебе гьин гъолев чи.
6 Квешав чиясе жиндирго мунагьалъ
къор гъола,
муъминчи ахIулев-абулев вукIуна.
7 Муъминчияс хIаракат бахъула

мискинчиясе ритIухъаб диван къотIизе,
пасикъав чиясе гьелъул ургъелцин кколаро.
8 ЯхI-намус гьечIез шагьаралда
питна багъаризабула,
амма гIакъилаз гIадамазул
ццин гIодоцинабула.
9 ГIакъилас гIабдал диваналде ахIани,
гIабдалас гьениб гъалмагъир гьабула,
яги гIагIадун велъанхъула, – гьезул
рахIат хвезабула.
10 Бидухъ гIашикъасе ритIухъав чи рихуна,
муъминзаби чIвазе хIаракат бахъула.
11 ГIабдалас жиндирго кинабго ццин
къватIибе гьулчула,
гIакъиласда кIола жиндаго квелъ базе.
12 ХIакимас гьерсазухъ гIинтIамулеб бугони,
гьесул киналго хъулухъчагIи квешлъула.
13 Мискинчиги зулмучиги релълъарал руго,
гьел кIиязулгоги беразе
БетIергьанаслъидалха канлъи кьолеб.
14 ПарччахIас мискинзабазе битIараб диван
къотIулеб бугони,
гьесул парччахIлъи киданиги биххун унаро.
15 НасихIаталъул хьопоца гIакълу щвезабула,
тIалаб гьабичIого тараб лъимаца эбелалъе
рогьо-нич гьабула.

16 Пасикъал кIодолъиялде рахараб мехалъ,
мунагьалги кIодолъула,
амма муъминзабазда бихьила
гьел кIалагъоркье речIчIараб заман.
17 Дурго васасе гIадлу гьабе, –
гьес мун вохизавила
ва дур рекIел хIалхьезабила.
18 Аллагьасул калам рехун тараб халкъ
пасалъула,
гьардарав гурищха Къануналда рекъон
хьвадулев чи.
19 Малъунилан лагъасул гIамал хисуларо, –
дуца абураб гьесда бичIчIаниги,
гьес гIадахъ босуларо.
20 КIалъазе гIедегIулев чи вихьанищ дуда?
Гьесиеялдаса лъикI букIина гIабдаласе.
21 ГьитIинаб мехалдасаго
лагъ гогьдаризавуни, –
хадуб гьес балагь бачIинабула.
22 Ццидалав чияс питна багъаризабула,
ццин хехасулги мунагьал гIемерлъула.
23 ГIамалкIодолъиялъ инсан
гIодовегIанлъизавула,
рекIелъ хIеренлъи-хIалимлъи бугес
хIурмат-хъатир тIаде цIала.
24 ЦIогьорасулгун гьудуллъи гьабулев чи

живго жиндиего рихарав чи ккола.
Диванбегзабазда цебе гьа гьеданиги,
гьес битIараб бицунаро.
25 Инсанасукьа хIинкъиялъ къор гъола,
БетIергьанасде тIамун тарасе
хIинкъи букIунаро.
26 ГIемерисезе бокьула дагIба-рагIиялъулъ
хIакимзабаз жидер рахъ кквезе,
амма ритIухъаб диван БетIергьанасул
хъатикь буго.
27 Муъминзабазе квешал чагIи рихуна,
пасикъазе иман бугелги рихуна.

## БЕТIЕР 30

### *Агурил гIакъилал рагIаби*

1 Якъейил вас Агурил – Массаъ къавмалъул
чиясул рагIаби,
гьес Итиэлидехун, гьединго Итиэлидехунги
Ухалидехунги гьабураб калам.

2 ГIадамазда гьоркьов бищунго
жагьилав чи вуго дун,
гIадамазулъ букIунеб бичIчIи-лъайги
гьечIо дилъ.
3 ГIакъиллъиги дие щвечIо,

ТIадегIанав дида лъаялъул
гIелмуги насиблъичIо.
4 Зодиве щив вахарав
ва нахъ вуссун щив рещтIарав,
дангъураялъ гьури лъица данде бакIарараб,
гурдел квенчIелалъ буххун ралъад
лъугIизабизе лъида кIвараб?
Дуниялалъул рагIал лъица чIезабураб?
Гьединав чиясда цIар щиб,
гьесул васасда цIар щиб?
Дуда лъалеб батилаха гьеб?
5 Аллагьасул щибаб рагIи бацIцIадаб буго.
РакIчIун жинде хьул лъуразе
хъалхъанлъунги вуго Гьев.
6 Аллагьасул рагIабазде тIаде
дуца щибго жубаге,
Гьес мун къватIив чIвазавулевин
ва мун гьерсихъан вукIинги
загьирлъулебин.
7 Я БетIергьан, кIиго жо гьарила дица Дуда,
дун хвезегIан тIубазабе Дуца гьеб:
8 пайда гьечIеб чIандаги гьересиги
дидаса рикIкIад гьабе;
я мискинлъи, я бечелъи кьоге дие.
БетIербахъиялъе чара гьечIеб хинкI-чед
гурони кьоге Дуца дие.

9 Дун гIорцIараб мехалъ, дица Дудаса
инкар гьабунгутIизе,
БетIергьан щивали дида лъазего
лъаларилан абунгутIизе.
Мискинлъараб мехалъги,
цIогьодизе байбихьун,
дица дирго Аллагьасул цIар
хъублъизабунгутIизеги.
10 Лагъ какун, гьесул бетIергьанасде
мацI гьабуге, –
гьев лагъас дуе нагIана кьела ва гьеб
нагIанаги дудего буссина.
11 Вай, жидерго инсуе нагIана кьолеб,
баркат лъегиян жидерго эбелалда
абулареб наслу!
12 Вай, жидедаго жалго рацIцIадалин кколеб,
амма жидер хъублъи-чороклъи чурун тIаса
унареб наслу!
13 Гьезул беразулъ чIухIи-пахрулъи буго,
берзул балагьиялъулъ
гIамалкIодолъиги буго.
14 Ракьалда ругел мискинзабазул рикъзиги
гIаламалда гьоркьор ругел язихъалщиназул
хинкI-чедги кваназе
цаби хвалчабазда релълъараб
ва гIусалги нусазда релълъараб наслу!

15 Гуренжалъул кIиго яс йиго,
кIиялдаго цIарги «кье», «кье» буго.
ГIорцIиго лъалареб лъабго жо буго,
гIелилан киданиги абулареб
ункъабилебги буго:
16 жужахI, къинлъулареб чехь,
регьелалъ гIорцIулареб ракь
ва цIул гIелилан киданиги абулареб цIаги.
17 Инсуда тIад велъанхъулесул
ва эбелги сан гьаюларесул берал
авлахъалъул гъудуца рахъула
ва гьесул гьанги чудкаца кванала!
18 Лъабго жо буго дие балъгояб,
ункъабилебги буго – дида лъалареб:
19 зодисан боржунеб цIудул нухги,
тIалтIасан шурулеб борхьил нухги,
ралъдадасан лъедолеб гамил нухги
ва гIолохъанай ясалъухъе унев
бихьинчиясул нухги.
20 ХъахIбалъи гьабулей гIадамалъул гIамал
кинаб букIунеб?
Кванала, кIал бацIцIуна
ва щибниги квешаб жо гьабичIилан
абула гьелъ.
21 Лъабго жо буго жинда гъоркь
ракь гьаргьадулеб,

ункъабилебги буго –
гьелда баччизе кIолареб:
22 парччахIлъун вахъарав лагъги,
гIорцIизегIан кваназе хинкI-чед
щварав гIабдалги,
23 гIадамазе инжитлъун росасе арай
чIужугIаданги
ва жиндирго бетIергьаналъул бакI ккурай
гъаравашги.
24 Гьаб ракьалда бищунго гIисинал,
амма цIакъаб цIодорлъи-гIакъиллъи
щварал рухIчIаголъабиункъо руго:
25 цIунцIраби – гьел руго загIипал жал,
амма риидал жидеего кванил
нахърател гьабула гьез;
26 мугIрузул гIункIкIалги кутакаб агьлу гуро,
амма къурабазда гьоркьоб жидеего
картIал рахъула гьез;
27 ракъул гарцIал – цебехъанлъи гьабизе
хан гьечIониги,
амма рагъде унезул гIадаб кьер
букIуна гьезул;
28 кьинчIборхьалги дуда квералъ
ккевезе кIола,
амма парччахIзабазул кIалгIабазухъги
рукIуна гьел.

29 Лъабго жо буго ракьалдасан
чIухIун хьвадулеб,
ункъабилебги – рилълъин берцинаб:
30 гъалбацI – киналго жанавараздаса
къуватаб буго гьеб
ва сундасаниги нахъе къаларо,
31 цинги хIелекоги, рехъадул цебехъан –
чанил дегIенги
ва кIудияб бодул цевехъан – парччахIги.
32 ГIамалкIодолъиялдалъун дур цо
гIантлъи ккани,
яги духъа хIилла-рекIкI ккани,
гъобсагIатго дурго кIалалда хъат чIвай.
33 Щар чIвани – нах лъугьуна,
къалазулъ зар бани – би бачIуна,
ццин гьалаглъани – дагIба-рагIи ккола.

## БЕТIЕР 31

### *Лемуэл парччахIасе эбелалъ гьарурал насихIатал*

1 Массаъ къавмалъул парччахI Лемуэлие
эбелалъ гьарурал насихIатал руго гьал.

2 Дуда щибдай, дир вас, дица малъила?
Щибдай малъила, дир чохьол вас?

Щибдай малъила, дир гьари-дугIа
къабуллъун гьавурав вас?
3 Дурго рухI-жан руччабазул хъатикье кьоге,
парччахIзабигицин паналъизарулел
руччабаз дурго нухал
къосинаризе риччаге.
4 Чагъир парччахIзабаз гьекъезе
рекъараб жо гуро, Лемуэл,
чIагIаги къо-асс бугез гьекъезе
рекъараб жо гуро.
5 Мехтараб мехалъ гьезда
закон кIочон толеб,
къварилъиялда бугеб рагIияталъе диван
къотIизеги гьезухъа бажарулареб.
6 ЧIагIа дуца кье холев вугев чиясе,
чагъирги тIе ракI къварид бугесе.
7 Биччанте гьес гьекъезе ва мискинлъиги
кIочон тезе,
жинда бугеб къварилъиги
ракIалде щунгутIизе.
8 Дуца кIал ричIе кIалъазе лъаларезул
рахъ кквезе,
загIипалщиназул ихтияралги цIунизе.
9 Дуца кIал ричIе битIараб диван къотIизе,
мискинасулги язихъасулги
ихтиярал цIунизе.

### *ГIамал лъикIай лъадул хIакъалъулъ*

10 ГIамал лъикIай лъади киса щолей?
Маргъал-якъуталдасаги гIемерго къиматай
йикIуна гьей.
11 Росги гьелда тIубанго божула,
зарал-зиянги гьесие букIунаро.
12 ТIолабго гIумруялъ гьелъ росасе
лъикIлъи гьабула,
квешлъи гьабуларо.
13 Гьелъ квасги самула,
лъолъол кунги гьабула,
кIудияб гъира-цIаялда квалквадизарула
гьелъ кверал.
14 Базаргабазул гамица гIадин,
рикIкIадасаги бачIинабула гьелъ хинкI-чед.
15 Сардилъго тIаде яхъун, рукъалъул агьлуялъе
квен гьабула
ва гъаравашалги квалквадизе тIамула.
16 Хурухъ балагьизе ун,
гьеб бичун босула гьелъ.
ХIалтIун щвараб гIарцухъ
цIолбол ах гIезабула.
17 Гьелъ рачел щулаго къала,
кверазда къуватги буго.

18 Жиндир даран-базаралда баркат лъун
букIинги лъала гьелда, –
гьелъул чирахъ сардилъги сунаро.
19 Квас чIвалеб гьоркьоялда квалквадулел
рукIуна гьелъул кверал,
гьелъул килщазукь кьурдулеб
букIуна мергу.
20 Мискинасе хъат гIатIидай йикIуна,
язихъасе квер гIатIидай йикIуна.
21 ГIазу баниги, рукъалъул агьлуялъул ургъел
гьелда чIваларо, –
бицатаб ххамил ретIел ретIун
букIунелъулха киназго.
22 Гьелъ жиндиего халичаби рессула,
гьелъул ретIелги лъолъол ххамил ва хирияб
ххамил букIуна.
23 Шагьаралъул кавабахъ машгьурлъун буго
гьелъул росасул цIар,
улкаялъулго чIахIиял гIадамазда аскIов
гIодов чIола гьев.
24 Ричизе хъабалаби рукъула гьелъ,
базаргабазе рачелалги гьарула.
25 Чорхолъ къуват-жанги буго гьелъул,
гIадамазда гьоркьоб къадру-къиматги буго.
Метерисеб къоялъул ургъелги
гьечIо гьелъие.

26 ГӀакъилаб рагӀуе гурони кӀалги ричӀуларо,
гьелъул мацӀалдасан бачӀунеб
малъа-хъвайги
гурхӀел-цӀобалъул цӀураб букӀуна.
27 Жиндирго къавулъ лъугьунебщиналда хадуб
букӀуна гьелъул бер,
хӀалтӀичӀого щвараб хинкӀ-чедги
гьелъ кваналаро.
28 Лъималаз гьей еццула,
росасги гьабула гьелъие рецц-бакъ:
29 «Чанги лъикӀай лъади лъугьана
гьаб ракьалда, –
гьел киназдасаго мун лъикӀай йиго!»
30 Гьайбатлъи – рекӀкӀаб жо буго,
берцинлъиги тӀаса уна,
амма БетӀергьанасукьа хӀинкъулей
чӀужугӀадамалъул цӀар тӀибитӀула.
31 Жийго мустахӀикълъанщинабги
щвезе ккола гьелъие,
шагьаралъул кавабахъ хабарги
тӀибитӀизабизе ккола
гьелъул лъикӀал ишазул хӀакъалъулъ.